

Inyon Envizib Lepouz Kris La

65-1125

Life Tabènak, Shreveport, Louisianne, Etazini

Mwen anile yon vwayaj lachas, pou m ka kontinye nan sèvis pou Seyè a. Kifè se yon... Nou kontan isit la. Mwen kwè, dènye fwa m te isi a, m te di nou: chak fwa nou vini, gen yon moun ki pa la. E si nou retounen lane pwochèn, si Seyè a pata la, va gen yon moun ki pap la.

2 Gen youn, ki te trè, trè pwòch mwen nan kè, an espri; se te Frè Lyle. Li te konn toujou byen akeyi m, pou fè m antre, kanpe dèyè a la ap koute, nan biwo Frè Jack la, vye gwoup kat moun sa yo k ap chante. Aswè a, y ap chante nan Laglwa. Ebyen, gen youn nan vwa sa yo ki deja Laba a, ap tann lòt twa yo. Mwen sispèk m pap janm tande l ankò isit sou tè a. Men se sèten, Frè, Sè Moore, isit la, m espere koute l ankò, nan Peyi sa kote yo va-kote ki pap janm fè sonb lan.

3 Frè Palmer te yon gran sèvitè Kris. Mwen sonje Frè Jack ki t ap di m konsènan vi konsakre li-li a Bondye. Yo te chapantye, ansanm. Li te di li te konn manje manje li-li, manje sandwich li te konn ba li, li te konn ap manje epi li Bib li. Ou wè? Li te fè gwo kokenn chenn bagay. Frè Palmer te fè sa. Li se yon bon chapantye, yon bon papa pou timoun li yo, se yon bèl fanmi. Li te elve yo tout pou sèvi Seyè a. Dapre sa m konnen, yo tout sove epi ranpli ak Sentespri. E se yon gwo kontribisyon pou nenpòt moun lan nan jou sa yo, jèn gason kou jèn fi. Men, ou wè, tout sa l te janm fè pap sèvi a gran choz jiskaske w sèvi Bondye, si w te sèvi Bondye. E aswè a, sa l te fè isit sou tè a, bon zèv li yo, li pati al pran rekonpans li, pou l avèk yo. Ke Bondye bay nanm frè pa nou an repo.

4 Mwen konnen ke, osi lontan ke tabènak sa isi a, e ke mwen–mwen konnen li va...vwa li ap toujou isi a. Ou ka tandè l. Sè Anna Jeanne ak–ak sè l la, ap jwe òg ak pyano, yo pat janm gen pou ret tann. Frè Palmer te konn jis kanpe la e li te konn jis chwazi chan an, pou demare. Yo te konn ratrape l. E m pa janm...Mwen atann ke m ap tandè l pou ap dirije kantik.

5 A timoun li yo; a madanm li; e a Frè Jack, bon zanmi li, yo te zanmi pandan tout ane sa yo; e a Frè Brown, Sè Brown, e a tout tabènak la: Bondye beni nou. Mwen regrèt li, tou. Ke Bondye bay nanm brav li a repo, jouk nou rankontre l an pè.

Ann bese tèt nou.

6 Papa nou ki fè gras, jis pou ap pale de gran sèvitè sa, mwen sonje l, aswè a, li menm ki te konn banm lanmen, ak fason bèl ti souri sa li te toujou genyen lè l te konn ap di, “Bondye beni w, Frè Branham,” kan nou te konn ap antre nan papòt la. Mwen konnen li monte al Lakay Ou, aswè a. Kidonk mwen priye, chè Bondye, ke W va pèmèt fwi yo, zèv pa l yo k ap swiv li, kapab ekstraòdinè, ap kontinye avèk timoun li yo, madanm li. Nou priye ke W va beni manzè, Seyè. Ou di ke W va yon mari pou “vèw ki vèw tout bon.” Mwen priye pou Sè Palmer ak tout timoun yo. Mwen konn fason pou senpatize alafwa ak, pèdi yon konpayon epi pèdi papa m.

7 Kifè, Papa, pandan nou isi a, aswè a, nou priye ke W va prepare kè nou tou, pou moman sa. Nou pa konnen. Sa ka rive bripsoukou tankou sa te ye pou li. Nou pa konn kilè sa ap rive, men nou konnen ke sa dwe rive. Konsa nou priye, Bondye, ke W va sonde chak kè ki isit la, aswè a. Bondye, piga w eskive kè pa m. Sonde kè pa m tou, epi mete l a leprèv. Seyè, si gen bagay ki mal lan nou, fè l soti. Nou vle sèvi W. Sa se tout objektif nou, se pou sèvi W.

8 Devide Espri W sou nou, aswè a, epi tout rès semèn sa. Beni tabènak sa ki pote non Tabènak Vivan an. Ke l resevwa tout benediksyon ke non sa bay epi ke l ranpli ak Lavi Bondye, semèn sa, pou sove chak nanm pèdi, pou ranpli chak kwayan ak Sentespri, epi renouvle ankò esperans ki anndan nou an, Seyè. Nou priye ke W va geri tou tout malad ak aflije k ap vini pami nou. Ke gran Sentespri W ka la, Seyè, pou jis geri...epi wenn chak moun pou yo kwè. Akòde bagay sa yo, Papa.

9 Bondye, kounye a ede m. Si sa bay, se tou pa m pou pote Mesaj la. Mwen priye, Bondye, ke W va jis pèmèt pati imen an rete yon kote. Ke Sentespri a vini epi aji sou nou, Seyè. Ke Sentespri a pran reyinyon an, Seyè. Nou konnen ke nou tèlman ensifizan. Nou paka fè I, ankenn lan nou. Nou pa pretann ke nou ka fè I. Men, Seyè, nou konnen ke Ou se Sila. Kidonk n ap gade a Oumenm, Seyè. Aji, Espri Bondye, e tonbe fre sou nou. Nou mande I lan Non Jezi. Amèn.

10 Bon mwen vle pase salitasyon sou lèzond, pou legliz yo la ki konekte atravè tout eta a. Nou konekte pa telefòn, ki se yon ti sistèm ki byen ke nou te ka genyen, atravè Frè nou Pearry Green ki sot Beaumont, Texas. E legliz yo, konplètman, k ap swiv Mesaj la, toupatou atravè Lèzetazini, yo konekte, aswè a. Nou voye salitasyon, anwo kou anba Kot Wès la, jouk depi Vancouver desann Tijuana, peyi Mexique, atravè San Jose, Los Angeles. Tout gwoup yo laba a, nou salye nou depi Shreveport. Epitou, jiska Prescott, Arizona, pou gwoup anwo a la k ap tann Seyè a, nou voye salitasyon pou nou, e pou Tucson, Sierra Vista tou. Ale jiska New York, anwo kou anba, atravè nasyon an, ke Seyè a beni nou, nou chak. M swete nou te ka isi a, aswè a, bèl vye eta Louisiane sa, kote sa sanble tankou yon dezyèm lakay, pou mwen. Mwen...

11 Nou konnen, noumenm moun anwo yo lan New York, nou konnen, mwen te on tijan ap moke nou, fason nou pale. Aswè a mwen jis lakay mwen. Ya. Tout moun bò isit la, nou konnen, yo abitye di, "Alo, la a, Frè Branham. Ou vin ak Sè Branham ak tout ti mamay' yo pou vin wè nou la." O, la la! Sa fè m santi m byen. Sa se bon Anglè, pou mwen. Pa pou manke respè a noumenm moun nan lès ak moun lan nò yo, ak diferant plas. Men, nou konnen, mwen kwè m jis te ne yon vye Demode e mwen oblije rete fason sa. Mwen—mwen on jan renmen sa, mwenmenm. Se bon jan Anglè.

12 Mwen te nan yon dejene Òm Dafè, isit la sa pa fè lontan, e yo te di, "N ap kanpe kounye a pou chante im nasyonal la." Mwen te leve, e m te di, "Pou vye Kentucky m lan, byen lwen." Ebyen, pou mwen, se te sa im nasyonal la. Se tou sa m te konnen konsènan sa. Kidonk, nou voye salitasyon pou ou. E kounye a pou...

13 Mwen kwè yo pral eseye difize dejene an tou, dejene Òm Dafè yo, Samdi maten. Frè Green va mete w okouran, lè l va pran mikwo a laba a. Kidonk li va di nou a kilè dejene a ap kòmanse, epi a kilè, pou chak swa, pou kapte l sou radyo. Nou remèsye w ak anpil jantiyès. Priye pou nou.

14 Kounye a, pou asanble lokal isi a, ak tabènak Frè Jack la, m pral jis mande nou yon favè, aswè a. Poutèt mwen ta pral pote Mesaj aksyondgras mwen an atravè tout–tout nasyon an, aswè a, pou legliz lokal nou yo k ap swiv Mesaj la. Poutèt sa, mwen–mwen kapab on tijan long. E apres a, an plis, m ka preche kèk Doktrin. Kidonk, si se sa, e ou pata dakò ak Sa...

15 Se jis jan m toujou di konsènan manje tat ki gen seriz: “Lè m rankontre yon grenn seriz, m pa jete tout tat la, mwen jete grenn seriz la, pou jis kontinye manje tat la.”

16 Kifè si sa bay m ta mansyone yon bagay aswè a, mwen...ebyen mwen...se youn nan rezon kifè m te aksepte envitasyon sa, aswè a, pou m te ka isit la se pou pote Mesaj aksyondgras mwen an pou gwoup yo atravè peyi a, se te paske Frè Jack te toujou sitèlman louvri pòt li pou di, “Preche sa ki sou kè w.” Kidonk mwen vrèman santi m lakay mwen.

17 Konsa sa ka rive ke isi a, nan asanble lokal la isit la avèk Frè Jack, kapab gen dè minis ak moun ki ka pa dakò ak Doktrin lan. Dabitid mwen gen ase koutwazi pou m pa pale de doktrin sou chè yon nonm, ki envite m vin pale pou li. Kifè, apre aswè a, mwen sipoze ke m va jis priye pou malad pou fè yon sèvis regilye. Men m te panse fè nou konnen sa davans, pou ke si m ta di yon bagay ki pa agreyab, bon, jis ekskize inyorans mwen, mwen kwè, e m pa konn mye. Epi priye pou mwen.

18 Bon kounye a ann al nan Pawòl la, nan yon chapit la. Mwen vle refere a anpil kote aswè a, paske mwen gen plizyè Ekriti ak ti nòt ekri la nan yon blòk nòt.

19 M sonje premye fwa m te monte sou estrad Life Tabernacle la, sa fè apeprè ven lane. Mwen–mwen pat oblije ekri Ekriti ak referans mwen yo. Mwen te senpleman ventan pi jèn lè sa. Men poutèt mwen fenk pase vennsenkan, pou yon dezyèm fwa, kifè mwen...Kifè mwen...paka raple m yo jan m te konn abitye fè. Mwen oblije ekri Ekriti m yo, e pafwa rezime yon lòt ti bagay ke m vle refere a li.

20 E kounye a ke Seyè a bay benediksyon pandan n ap li Pawòl Bondye a, nan Liv Women, chapit 7. Bon, mwen vle on jan anseye sa tankou yon leson Lekòl dimanch.

21 Mwen konnen gen moun ki kanpe. E nan tabènak la, dabitid, Jeffersonville, nou vle salye nou tout, aswè a, tou, m konnen nou konekte anwo a la nan tabènak la. E se kòmsi m nan tabènak la, aswè a, si nou te isit la, moun yo toutotou miray yo, plen a krake. Kounye a, m panse nou menm jan an tou, tout moun ki anwo la nan pati sa nan peyi a, ki vini pou Mesaj la.

22 Bon nou pral itilize sa tankou yon Lekòl dimanch. E sa pa vize nan anyen, yon kalite moun, oswa anyen; se jis pou Legliz, Kò Kris la ke n ap eseye kondui nan panse pi pwofon ak objektif pi wo, poutèt nou kwè ke Vini Seyè Jezi a toupre. Nou kwè sa. Plis ankò, se ventan pi pre ke sa te ye premye fwa m te vin Shreveport. O, gen tèlman bagay ki te rive depi lè sa! Kounye a n ap atann nou a Vini Seyè a, nan jenerasyon pa nou an. M pap atann mwen a revèy nan jenerasyon nou an. Mwen atann mwen a Vini Seyè a, nan jenerasyon nou an.

23 Kounye a nan Women 7, m kwè ke nou gen Bib nou louvri, tout kote kounye a, atravè peyi a, nou vle li avèk atansyon. Bon, sa, se...Mesaj sila, ta sanble tankou maryaj ak divòs, men se pa vrèman sa. Pou mwen, se yon pwofesi pou Legliz nan dènye jou yo. Annou li:

Frè m' yo, mwen sèten nou konnen sa m' pral di nou la a deja, paske nou konn lalwa a: Se toutotan yon moun ap viv lalwa gen pouvwa sou li.

² *M'ap pran yon egzanp: yon madan marye gen angajman avèk mari l' devan lalwa toutotan mari a vivan. Men, si mari a mouri, madanm lan lib devan lalwa annegad mari a.*

³ *Si pandan mari a vivan toujou, madanm lan vin fanm yon lòt gason, y'ap rele madanm lan adiltè. Men, si mari a mouri, li lib devan lalwa. Lè sa a, si l' vin fanm yon lòt gason, li pa yon adiltè.*

⁴ *Se menm jan an tou pou nou menm, frè m' yo. Nou mouri ansanm ak kò Kris la annegad lalwa. Konsa, nou lib pase nan men yon lòt mèt. Koulye a, se nan men moun ki te leve soti vivan nan lanmò a nou ye pou nou ka viv yon jan ki itil pou Bondye.*

⁵ Lè n' t'ap viv anba pouvwa lachè, tout vye dezi lalwa te fè leve nan kè nou yo t'ap travay nan tout kò nou, yo te fè nou fè bagay ki t'ap mennen nou nan lanmò.

⁶ Koulye a, nou pa gen angajman ak lalwa ankò. Nou mouri annegad lalwa ki te kenbe nou prizonye a. Se sak fè nou ka sèvi Bondye yon lòt jan, anba otorite Sentespri a. Nou p'ap sèvi l' ankò jan n' te konn sèvi l' nan tan lontan an, anba otorite lalwa ki ekri nan Liv la.

24 Kounye a annou priye:

25 Chè Bondye, nou fèk li sa ke nou kwè ki se Pawòl sakre Bondye a. E se sa ke nou kwè, ke pa menm yon ti tras oswa yon ti aksan pap ka soti nan Sa jiskaske tout bagay akonpli. E nou kwè ke Seyè nou an te di nou, nan Apokalips chapit 22, ke, “Nenpòt moun ki va wete yon sèl Mo Ladann oswa ajoute yon sèl mo Ladann, menm jan an, pati pa l la, va wete nan Liv Lavi a.”

26 E nou wè, akòz movèz entèpretasyon Pawòl sa, jan Satan te mal entèprete L pou Èv la, ke sa te lakoz li doute yon sèl Mo, sa te jete tout ras imen an an antye nan yon galimatcha pèdi. Jis yon sèl Mo!

27 Apresa nou wè nan mitan Liv la, Seyè e Sovè a te rive, e Li te bannou referans konsènan Sa: “Lòm pap viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye.”

28 Apresa avètisman solanèl la nan dènye Liv la, Apokalips Jezikri a, “Nenpòt moun ki va ajoute yon mo oswa wete yon Mo, pati pa l la va wete nan Liv Lavi a.”

29 O Bondye, poutèt nou konnen, poutèt nou wè kijan nou frajil, konsyan ke n ap mache sou fil frajil lavi, lavi mòtèl sa (san nou pa konnen kilè yo va bannou lòd pou reponn Anwo a), pèmèt nou, O Seyè, mete de kote tout bagay ki nan kè nou, tout bagay ki nan panse nou, pou ap gade dwat a Pawòl Ou, aswè a, e pou W ka vin entèprete L ak orak vivan W yo. Akòde l.

30 Ke Lespri W tonbe sou nou epi wenn Pawòl la pou kè nou, pou nou kapab ale depi la, aswè sa, pi bon moun ke nou ye kounye a, pou nou kapab genyen yon imaj pi pwòch Jezikri. Akòde l, Seyè, ke nou kapab konprann jou n ap viv ladann lan, ak preparasyon Bondye pou pèp Li nan moman sa, gran moman sonb, trè enpòtan n ap viv ladann lan. Bondye, wenn nou,

pa sèlman sila k ap pale a, men sa yo k ap tandè. Epi, ansanm, fè kè nou tranble devan Pawòl Ou. “Paske krentif pou Bondye se kòmansman sajès.” Akòde bagay sa yo, Papa, paske nou mande I lan Non Jezi. Amèn.

31 M ta renmen bay pou tit apati kèk remak sa yo m pral fè la, ak kèk Ekriti ke m ta renmen prezante touswit kole dèyè, si Seyè a vle, pou Mesaj aksyondgras la-la, pou oditwa envizib la, tit sa, *Inyon Envizib Lepouz Kris La. Inyon Envizib Lepouz Kris La*. Sa pa sonnen tankou yon Mesaj aksyondgras. Menmsi, gen Ekriti, nou gen rekonesans pou Yo tout nèt.

32 Mwen gen Bondye rekonesans poutèt m ap viv nan tan fen istwa senaryo mond sa. M pa konnen. Si m ta gen pou m di yon mo anvan fondasyon monn lan, e si Bondye ta gen pou ekspoze tout pwogram lan nèt pou mwen, pou t ap mande m, “Mwen-Mwen vle w preche. E kounye a ki aj ou ta renmen chwazi, pou al sou tè a pou preche?” Mwen t ap chwazi aj sa, paske mwen kwè se aj annò a.

33 Se sèten m t ap renmen la pandan moman vizit Li sou tè a. Men, kanmenm, m kwè ke sila a kounye a se yon pi gran moman, poutèt se tan ke L ap vini pou pran moun ke L te rachte yo, nou toupre rezirèksyon kote tout rachte yo va vini. Ala yon opòtinite gloriye nou genyen, pou ap pale a on pèp k ap mouri, yon gran tan! Nou eksite parapò a sa.

34 E nou konnen ke istwa a nan konklizyon li. Istwa monn lan ap fini byento, apresa n ap antre nan yon nouvo jou, pou gran Milenyòm lan. Kanta sa, antan ke kwayan, mwen kwè nan...nan yon Milenyòm, yon rèy Milenyòm avèk Kris, mil lane sou tè a; retou fizik Seyè Jezi a, pou pran yon pèp fizik, glorifye, ki ap netwaye ak San pa L.

35 Pòl la ap bay yon egzanzp, nan Ekriti nou an, konsènan lalwa ak lagras, pou ap montre I tankou maryaj ak divòs. Men sa fè pati tou de yon pi gran pòsyon maryaj ak divòs, sou kòman li t ap eseye mete annòd la ke noumenm, antan ke-ke Legliz, nou paka marye ankò ak monn lan epi ak Kris, an menm tan, epi-epi legal konsènan sa, menm jan sa ye pou yon fanm k ap viv ak yon nonm pandan li gen yon mari vivan. Mwen gen pwòp ide m sou sa, e mwen kwè ke sa Bib la di se Laverite.

36 Bon, men mwen kwè tou, se kwayans mwen, ke sa devwale youn nan gran mistè pwofesi. E m espere ke Seyè a va ede nou, aswè a, pandan n ap pote sa pou moun k ap tann atravè peyi a.

37 Sa te di, yon fwa (mwen t ap li l, lè m t ap ekri nòt pou mesaj sa, mwen–mwen paka raple m egzakteman nan ki liv, men mwen–mwen sèten ke se sa), ke (youn nan liv ke m te li sou Mesye Moody, Dwight Moody, nan Chicago; nou gen yon gwo legliz k ap koute nan Chicago, tou, aswè a), ke, Mesye Moody, apre l te fin li Women 7, te kouri al nan lari a, e premye moun li te rankontre, li te mande l, “Èske w konn gras?”

Nonm lan te reponn, “ki Gras?”

Mesye Moody te di, “Gras Bondye.”

38 Kifè, sa te sitèlman boulvèse l kan l te wè l, jan lagras te separe nou de lalwa, e kòman, ki wòl lagras te jwe. Ebyen, kounye a, se pa anyen ke m vle fè, se kan...Mwen toujou di moun yo, kan m travèse liy lan, al lòt kote a, m ta renmen leve kanpe pou chante:

Gras etonan! Ala yon bon son,

Ki te sove yon vye pechè tankou m!

Gras, gras presye!

Plis gras pou w kounen!

39 “Paske se pa gras nou sove; pa pa sa nou ka fè.” Sa nou kapab, kèlkeswa sa nou fè, sa pa konte pou nou. Lagras se sa ki sove nou. “Nou sove pa gras, atravè lafwa.”

40 Pèmèt mwen ajoute pou Dam sa, Lagras, pèmèt mwen plase L nan Bib la tou, jan yo rele L la Dam ki eli a, Madam Gras ke m pral pale de Li a. Nou konnen, Bib la deklare, Li di, “Pou Dam ki eli a.” Sa a, si nou remake, “eli” vin de mo sa “Dam ki eli a.” Yon sèl Dam, pami tout lòt dam yo, te eli.

41 Tankou, vyèj la ki te dwe pote kò Bondye, sou tè a. Li te yon fanm eli. Bondye te chwazi Mari.

42 Epitou, Bondye te chwazi yon Dam eli, ki se Epouz Li. Li eli. M espere ke nou se manm lan sa, aswè a, atravè monn lan, atravè nasyon an, pito.

43 Egzanp sa la, ki ap montre relasyon Epouz Kris la; Dam eli a: epi jan yo te dwe mennen L ba Li; kote Li t ap soti, e kijan yo t ap mennen L ba Li. Legliz isit la, nan tablo nou gen devan nou an, sa te demontre pa yon fanm. Ki se, yon fanm toujou se yon tip Legliz, paske Legliz konsidere kòm yon Epouz. Yon Epouz, Manzè se Epouz Seyè Jezi a, Fis de Dye a.

44 Toujou, si w ap obsève, gade kondisyon ak konpòtman fanm yo, e ou va wè ki kote legliz ye.

45 Kounye a, pou sa a, kèk nan remak sa yo ka sanble etranj pou kèk lan nou, men sa konplete Mesaj la ke m resevwa de Seyè a, ke m ap eseye pote bay moun yo. Ou wè? Obsève tout bagay lan natirèl, jan sa rive, lanati, epi obsève sa. Se sèten sa mache a sa ki esprityèl tou.

46 Bon, si w pran konpòtman fanm nan monn lan jodi a, obsève konpòtman legliz monn lan jodi a. Jis obsève. Natirèlman, bon, genyen tou konpòtman Epouz esprityèl la, Legliz la. Ou wè? Obsève Sa tou. [Espas vid sou bann lan—Editè a.] Paske, swadizan natirèl la, pretann li se Lepouz.

47 Kounye a, souple pèmèt mwen di sa ankò pou asanble lokal la. Piga nou santi nou mal kounye a. M ap—m ap pale ak tout moun deyò atravè peyi a, a sila, jan m panse a, ki se Dam eli a. Kifè si sa ta rive ke gen minis la, ki pa dakò, ebyen, jis rete frankil on ti moman. Ou wè? Remake. Jis koute.

48 Remake karaktè sa a. Lè nou wè fanm jis dechennen, jis ap fè nenpòt bagay yo vle fè, gade, legliz la ap fè menm bagay la. Remake.

49 Men obsève, kan Epouz esprityèl la, kan L va kòmanse gen yon revèy, kan L va kòmanse retounen pou aliye Tèt li ak Pawòl Bondye a. Obsève lè sa ankò, ou wè, kijan Lèzekriti nan moman sa, va gen yon Mesaj ki va baleye pou atrape Epouz sa, atrape Dam sa, Eli a.

50 Paske, menm jan pou monn lan, Satan, sediktè a ki te sedui premye epouz la, pou fè l peche kont Bondye, ak dout sou Pawòl Li a...

51 E kounye a, jodi a, alòske n ap obsève legliz natirèl la, nan levanjil entèlektyèl ou a, k ap elwaye l pi plis e pi plis de Pawòl la, nan levanjil sosyal; nou dekouvri ke fanm monn lan, nan lari yo, manm bagay sila, k ap konpòte yo yomenm nan menm anbyans lan. Ou paka di yo anyen. Yo pèdi tout desans nòmal, ke moun genyen. Ou wè? E se fason sa legliz ye. E ou ka wè sa pral toudwat nan konsèy ekimenik, jis osi sèten ke nenpòt bagay nan monn lan, epi drèt nan Wòm osi fò ke sa ka ale, ou wè, paske, sa pwofetize. Epi men li. Sa se konpòtman li.

52 Men apres a obsève ankò Legliz espiyèl la, jan gwoup moun sa yo, yo te rele yo, Eli a, atravè chak revèy. Nan Martin Luther, sa te rive menm jan an nan Refòm lan. Menm bagay la te rive nan tan John Wesley. Menm bagay la te rive lè Pannkotis yo te fèk kòmanse. Yo te kondui fanm sa yo retounen drèt an liy ak Pawòl la, e answit yo te elwaye yo. Men li ki te retounen nan galimatcha. Men apres a se tan pou moun yo te prè pou aliye yo, men yon Mesaj ki vini, e yo aliye yo avè L.

53 Luther te mesaje yon jou, jistifikasyon, e Legliz te aliye L drèt avèk sa, kèk nan yo. Rè s yo te kontinye. Wesley te vini avèk sanktifikasyon, Legliz te aliye L drèt avèk sa. Pannkot te vini avèk restorasyon don yo, Legliz te aliye L drèt avèk sa, Eli pou jou sa a; e apres a sa te refwadi, te retounen kite sistèm denominasyon pou ale drèt ak rè s yo, yo tout desann drèt ap suiv liy lan.

54 Bon, men nou remake, kan moun yo kòmanse ap eseye aliye yo ak Pawòl la, yon Mesaj toufre ki sot nan Pawòl Bondye a vini, dirèk a moun yo. E yo sezi Mesaj sa pou aliye yo, a chak fwa. Se senpleman nan Bondye...Nou jwenn sa.

55 Nou gen fanmi. Chak fanmi la abitye ak sa. Pafwa tout bagay ap byen ale pou ou, pandan dè zane. Apres a, bripsoukou, ou va bite kote, nou rele sa anpil fwa nan Sid isit la, "Kan gen lapli, sa tonbe tout bon," e tout bagay prale mal. W ap pase atravè yon tan aswè. Answit li vin fè jou, apres a yon tan aswè. Tout bagay fonksyone nan kontinwite.

56 Pwofèt la, Pòl, la ap di ke yon fanm paka remarye jiskaske premye mari l mouri. Li paka remarye osi lontan ke premye mari l vivan; manzè, pa kapab ditou nan okenn sikonstans. Li dwe rete poukont li osi lontan premye mari l la ap viv. E si l ta komèt yon tèl peche, “yo va rele l adiltè.” M ap pale nan sans natirèl la kounye a; pou fè yon tip ak espirityèl la. Si fanm sa ta komèt yon tèl peche, lè sa manzè make, “adiltè,” si l gen de mari vivan an menm tan. Kidonk, li renonse, lè l fè sa, a dwa li bò kot Bondye ak Syèl la, lè l fè sa. Se sèten li konsa. Manzè vin yon rejte nan ekonomi Bondye, dapre Lèzekriti ke m fèk sot li a.

57 Menm bagay pou legliz, kan l ap eseye melanje kredo denominasyon ak Pawòl Bondye a. Li paka marye a yon denominasyon, pou l se Epouz Kris, an menm tan. Li dwe mouri pou youn ou pou lòt la. Lalwa di sa, la. Gen anpil lwa nan Pawòl Bondye a. E sa se lwa pa L, Pòl ap pale de menm bagay la la. Li paka marye ak yon legliz ki gen kredo monn lan, epi Epouz Kris, paske li...youn kontrè ak lòt. Kounye a, sonje.

Ou di, “Ebyen, nou kwè sesi, men nou pa kwè *Sela*.”

58 Si w marye ak Kris, Kris se Pawòl Bondye a. Nan Sen Jan, premye chapit la, li di, “Nan kòmansman Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E menm Pawòl la te fè L chè e Li te abite pami nou.” Kris te Pawòl vivan an. Li te toujou Pawòl la. Li ankò Pawòl la. L ap toujou Pawòl la. Li te sèlman manifestasyon atribi Bondye yo, paske Li te Fis de Dye a.

59 E nenpòt pitit la se atribi papa l, e menm jan ou te nan jèn papa w, nan kò papa w lè w te yon jèn gason, ou te nan li. Malgresa, li pat kapab fratènize avè w, paske li pat konnen w. Men apres, atravè kontak avèk yon manman, ou te vini sou tè a e ou te vini dapre imaj papa w, lè sa li te ka fratènize avè w.

60 E se menm jan pou nou, pitit gason ak pitit fi Bondye, anvan menm te gen yon lalin, zetwal, oswa yon molekil. Nou te pitit gason ak pitit fi Bondye, paske ou se sèlman manifestasyon fizik atribi ki te nan Bondye nan kòmansman an. Paske, gen yon sèl fòm Vi Etènèl, se te oumenm, anvan. Ou pat konn anyen konsènan sa. Non plis ou pat konnen lè w te nan papa terès ou, men ou te manifeste pou...dapre imaj li. Ou te fèt dapre imaj Bondye, e ou te manifeste pou glwa ak fratènite Bondye.

61 Kidonk, osi sèten jèn pa w te dwe nan papa w, anvan nesans natirèl ou, jèn espiyite ou te dwe nan Bondye, paske ou se yon ekspresyon atribi panse L, anvan fondasyon monn lan. Dakò. Ou paka pase akote sa. Se vre. Bon, kounye a nou remake, la, ke Lavi nan ou, Lavi Bondye nan ou, depi fondasyon monn lan.

62 Bon, kounye a, ou paka melanje kredo denominasyon ak Pawòl la, paske yo twò kontrè, youn ak lòt.

63 Se egzakteman sa Satan te eseye fè avèk konsepsyon entèlektyèl li pou Èv. Li di...li te admèt ke Bondye te di l, men li ajoute, "Sètènman, ou pap mouri." Ou wè? E yo kwè sa.

64 E se sa ke kredo fè, aswè a. Denominasyon separe moun yo de Pawòl Bondye a. Èske Jezi pat di, lè L te vini, "Noumenm, atravè tradisyon nou yo, nou rann Kòmandman Bondye yo san efè pou moun yo"? E atravè kredo nou yo, nou demantibile fratènite Sentespri an pou wenn Pawòl Bondye a ki te rezève pou jenerasyon sa. Nou divize moun yo, ak denominasyon, de fason yo pa gen yon chans pou wè Sa.

65 Kounye a, Bondye Limenm, nan chak jenerasyon Li ajoute yon nouvo pati nan Liv Li a. Yo tout ale ansanm.

66 Tankou jan kò m te bati a. Yo fè m konnen ke sa te kòmanse ak kolòn vètebral la, men tout pat kolòn vètebral. Li te pati de sa pou vin bay kòt yo, e apati de...poumon yo, epi men yo, epi bra yo, ak pye, e latriye, e sa te kontinye pou vin moun mwen ye a.

67 E se menm jan Bondye te manifeste nan kòmansman an. Finalman Li te parèt kòm Jewova, Bondye Papa a. Apresa Li te parèt antan ke Bondye Fis la, nan Jezikri. Kounye a Li parèt antan ke Bondye Sentespri a. Menm Bondye a, tout tan. twa manifestasyon menm–menm Bondye a.

68 Bon, nou jwenn nan sa, ke, chak jenerasyon, Bondye te rezève Pawòl Li depi kòmansman an.

69 Jis tankou evolisyon an te vini. Jis tankou premye bagay Bondye te kreye, pwobableman, se te...Annou di Li te kreye vi bonatik lan, an premye. Apresa Li te kreye vi

animal la, apre. Apresa Li te kreye vi imen an, apre. On jan de evolisyon , pou ap monte pi wo.

ò Ò [, ""—Editè a.]

70 Se konsa sa te ye nan Bondye ak Legliz Li a. Jistifikasyon sou Litè. Sanct -...Sa se rale Lepouz sòti deyò, kounye a. Li t ap kreye Lepouz Li a. Jistifikasyon sou Litè; sanktifikasyon sou Wesley; elatriye, ou wè. Li menm, evolisyon Lespri a ki t ap bay ofi e amezi, 'paske kò a ap bati, rive nan tèt la, ki se Kris la, kò Kris la.

71 Kounye a, Limenm, antanke yon fanm, si Li marye ak Kris Pawòl la, Li pa kab marye ak yon legliz denominasyon an menm tan, paske Li lye avè l. Li pap... ka viv ak tou de mari yo an menm tan. Yo se lekonntrè, youn ak lòt. Youn ke Bondye voye, lòt la ke lèzòm fè, kidonk yo se lekonntrè. Li te di: "Se pou pawòl chak moun tounen manti; Pa m nan se La verite." Bondye te di sa.

72 Jis yo osi kontrè youn ak lòt, men jan ke lalwa te ye fas a gras la, jan ke Pòl t'ap pale la a. Youn dwe mouri, pou ka gen lòt la. "Epi si li eseye melanje yo, yo pral rele l yon adiltè." Oh! Panse a sa. New York, Arizona, atravè nasyon an, panse a sa. Bondye te di: "Si li te eseye marye ak de an menm tan, y ap rele l adiltè." Ki adiltè ki ka antre nan syèl la? Èske Bondye ta marye ak yon adiltè? Sètènman pa. Li mande nou pou nou pa fè sa. "Y ap rele l yon adiltè."

73 Apre sa, pitit li yo, si l se yon adiltè, pitit li yo ilejitim. Ilejitim! Ilejitim a ki sa? Se pa a legliz la, men a Pawòl la. Li ilejitim. Gade yon imaj Apokalips 3 sa a ki la a, de legliz Lawodise dènye jou a! Gade yon gwoup ilejitim! Gade yon melanj denominasyonèl ! Tyèd, ap kontinye epi rele tèt yo kretyen, epi nye Pawòl Bondye a, "Gen yon fòm pyete, men nye pouvwa li a," jan pwofèt la te di yo ta fè l la.

74 Maryaj se pi ansyen enstitisyon nan mond lan. Maryaj te fèt an premye, epi te etabli, nan jaden Edenn nan.

75 Yo konfye yon fanm yon jan de karaktè ke l pa dwe souye. Yo te konfye fanm nan sa. Pa gen yon bèt sou latè ki tankou yon fanm. Pa gen okenn femèl chen, pa gen okenn femèl nenpòt ki kalite a, key o te konfye konfye karaktè sa a ke yon fanm genyen.

76 Yon fanm pa t menm nan— kòmansman kreyasyon an, paske Bondye te konnen l t ap tonbe. Tout lòt femèl pa t kab fè adiltè. Se sèl limenm ki ka fè adiltè. Si yo te fè l tankou orijinal la, sa ta diskredite gran sajès Bondye a. Ou wè? Li te yon sou pwodwi ki vinn de yon nonm.

77 Men paske yo te chase I nan kote sa a, Bondye te ba I yon enstriksyon sakre, pou redanmsyon. Li te gen de karaktè ke I pa dwe souye.

78 Si I ta gache yo, li ta souye pou tout lavi. Kèlkeswa jan yo padone I, li pa ka jistifye. Mwen pral touche sa nan yon ti moman. M pral pran yon ekriti sou sa, nan kèk minit. Li ka jwenn padon pou salte li a, men li pa ka jistifye nan lavi sa a. Li toujou avè I. Remake kounye a. Yo te ba L sa a. Li ka jwenn padon, men L pa jistifye.

79 Yo ba I kò li, yon konfyans sakre ki vin de Bondye. Okenn femèl chen, okenn zwazo, okenn lòt bèt, pa gen okenn lòt kreyati konsa. Non. Li se yon sèl la. Pa rapò a sa, li se... Rezon ki fè li tèlman sakre, se li ki pou pote lavi sou tè a. Kò li se teren pou kiltive lavi, kidonk se rezon ki fè yo ba I konfyans sakre sa a.

80 Kounye a men ki kote ou ka pa dakò, plizyè, nan noumenm teolojyen. Se sa ki te souye tout ras imen an, se adiltè sa a nan kòmansman an. Teren kilti li a te souye. Li te fè de marasa sa yo, Kayen ak Abèl. Yon sèl zak, de timoun. Fouye ekriti yo. An han.

81 Remake kounye a. Nou jwenn ke kò I se teren kilti, e se poutèt sa ke I se yon konfyans sakre, li pa dwe souye sa. Kounye a, m ap pale kounye a, pandan m ap pote yon ilistrasyon a sa, pou m montre w kote Legliz la kanpe. Mwen pa p pale de nou fanm yo. Kèlkeswa sa w ye a, sa se ant ou menm ak Bondye, oswa noumenm mesye yo. Men m ap pale de Legliz la ak Kris.

82 Kounye a, yo te bay I sa a, pou I bay lavi ke sèlman Bondye Li menm ka bay. Mari I te dwe sila ki pot jèm nan, men Bondye gen pou L pwodui lavi a. Se vre. Li dwe vini, tout lavi gen pou vin de Bondye. Nenpòt lavi a gen pou vin de Bondye. Li te pèvèti, e se sa ki fè I peche, men lavi dwe vin de Bondye. Li se Kreyatè lavi a. Kounye a manzè gen yon sak-...yon...

83 Mwen vle nonmen twa bagay isit la ke li pa dwe elwaye I de yo. Kounye a, lè m ap pale, gade legliz la nan tèt ou pandan ke m ap refere m ak fanm natirèl la, menm jan ak Pòl la a, nan 7yèm chapit Women an.

84 Li gen yon konfyans vèti sakre Senyè Li a te angaje avèl, yon sòt de vèti. Okenn lòt bagay pa t posede I sinon ke fanm nan. Dakò. Se Bondye ki te pran angajman avè I. Li pa dwe souye vèti sa a.

85 Si I fè yon bagay ki mal, li dwe konfese sa bay mari I anvan li pran I, epi mete sa annòd. Menm jan ak legliz ki te marye ak lalwa a, gen pou vin devan Kris tou, anvan dezyèm maryaj

la. Manzè oblije konfese sa. Si I pa fè sa, epi li rete ak mari I pandan dizan epi apre sa konfese I, mari a gen dwa mete I de kote epi marye ak yon lòt fanm. Sa se Ekriti a. Fonikasyon se viv nan salte.

86 “Jozèf, pa krenn, pou pran Mari madanm ou, paske sa ke I ansent lan vin de Sentespri a.” Li te gen lide pou I kite I an prive, ou wè, apre ke I te deja fyanse avè I. Lè w fyanse avè I, si se pou Bondye, ou marye avè I.

87 Remake kounye a. Li gen yon konfyans vèti sakre ke yo te ba li, ke Bondye te konfye I. Bondye ba I vèti sa a. Menm jan sa te ye nan jaden Dedenn nan, li ka di "wi" oswa "non". Li gen yon konfyans sakre matènite ki te konfye a limenm, ke I pa dwe trayi. Matènite m ap pale la a se konduit li, karaktè I bò kot gason. Poul pa pèmèt tout gason...

88 Gad sou ekran sa yo epi wè vedèt sinema sa yo k ap bo, k ap koke, k ap trennen ak fanm sa yo. Yon fanm ki fè sa, gen yon move karaktè. Li ta ka vètye, yon lòt fason. Men, ou wè, nan kè l... Lè, glann sa yo, glann sèks sa yo, ki nan bouch yo. Nonm lan ki bo yon fanm, li anreyalite, potansyèlman, komèt adiltè. Glann sèks yo sou bouch fanm nan e sou bouch gason an. Li te ka bo I sou men I, li pa p melanje ak glann sèks yo. Men glann sèks yo sou bouch la. Epi w ap gade tout istwa san sans sa yo nan Hollywood la jodi a, tout zafè ap koke sa yo epi fè lanmou tribò babò, elatriye, alòs ke ti jenn fi ap gade tout sa. Se pa etonan moral nou an pouri epi dekonpoze, e degoutan, ou wè, paske yo met sa devan timoun yo. Se vre. Li dwe konsa nan dènye jou a.

89 Koulye a kenbe legliz la nan tèt ou. L ap bo e ap tripote, epi melanje nan tout lòt bagay sof Pawòl la, louvri bay dyab la, ak edikasyon ak rechèch syantifik, elatriye.

90 Lè ke, lasyans, edikasyon, tout bagay, absoliman kontrè ak Bondye. Tout Sistèm sivilizasyon ke nou genyen kounye a absoliman antikris. Sistèm edikasyon an antikris. Sivilizasyon an antikris. Li kont Bondye. Ou di, "Kont sivilizasyon?" Bondye pral gen yon sivilizasyon, youn nan jou sa yo, ki pa pral gen lanmò ki asosye avè I. Sivilizasyon modèn sa a vin de Satan. Mwen pral pwouve w sa, si Seyè a vle, aswè a, nan Bib la. Tout bagay sa yo vin de Satan. Nouvo sivilizasyon nou an p ap gen anyen konsa sa ladann. Li gen matènite sakre sa a.

91 Se pa etonan ke gason yo aji bò kot fanm yo jan y ap fè a, se paske fanm yo aji bò kot gason yo jan yo fè I la. Li presente tèt li la a ak yon bout pantalon sou li, ak kolan sere, epi rad gason ak bagay sa yo, sot nan lari a, ap tòde kò I. Kèlkeswa sa I di, li ta ka osi fidèl ke I kapab,

men, nan je Bondye, "Li se yon adiltè." "Nenpòt moun ki gade yon fi pou konvwate l, li deja komèt adiltè avè l nan kè l." Epitou li te prezante tèt li pou l te sa. E se egzakteman sa legliz la te fè ak mond lan.

92 Remake. Yo te angaje l a sa: vèti sakre, matènite sakre, e apre matènite sakre, onore mari l.

93 Jis gade jodi a. Nan sèten vil, plizye vil, yo menm gen gwo fèt nan sa ke rele sosyete, manm legliz yo, tou. Ye depoze chapo yo atè a, epi yo vin tou sou epi lage kle yo ladann. Chak fanm al chwazi yon kle nan chapo a, ki pou gason ke l pral pase wikenn nan avè l la. Tout jan de fèt sa yo! Sa ke, mwen gen anpil bagay pou m di la a, si Seyè a vle, mwen pa t gen tan pou m antre ladan l. Yon salte konsa!

94 Epi legliz la jis osi terib, se vre, ap komèt adiltè ak tout bagay, epi li pa gen okenn afè pou l antre ladann. Li ta dwe rete ak Pawòl la.

95 Konstriksyon yo se byen. Lopital yo se byen. Tout lòt bagay sa yo trè byen. Pwogram edikasyon yo, se trè byen. Nou dwe abite la a, konn li, ekri. Se youn nan ekonomi yo.

96 Tankou, nou pa t sipoze met okenn rad sou nou, nan kòmansman an. Mwen pral preche sou sa, pita nan semèn sa a, si Seyè a vle. Men, nou dwe met rad paske Bondye te ban nou rad. Men, nan kòmansman an, nou pa t bezwen yo. Nou te vwale.

97 Kounye a li te vwale pou peche l. Li pa menm konnen ke l ap peche, ou wè, tankou l te ye lè sa a. ak...Koulye a dyab la vwale l; Anvan sa Bondye te vwale l. Se Diferans lan.

98 Kounye a nou dekouvri ke yo te ba l responsablite sakre sa a ke l pa dwe abandone: matènite, aji, kenbe karaktè l, elve pitit li yo, onore mari l.

99 Jodi a, yo bay yon ti kras plis atansyon a sa pase nenpòt lòt bagay nan mond lan. Ou ta dwe chita nan biwo m yon lè pou w wè gason ki antre ak madanm yo, kote yo eseye met sa annòd ak Bondye epi li konfese tout gason l te avè l yo, ak tout lòt bagay, depi lè yo te marye. "Oh," ou di, "se..." Non. Sa se pentkotist. An-han. Lòt yo pa t ap vini. Konsa se...

100 M ap pale de ki jan sa ka ale, lè w rive melanje ak mond lan, legliz la, ak tout mòd e bagay ke n genyen yo. Nou pa pi pre Pannkòt orijinal la ke jounen an ye de nwit lan. Nou te derive kèk kote, nan kèk deblozay fènwa kèk kote, epi te pèdi.

101 Ala yon konfyans sakre! Ala yon responsablite pou yon fanm! Kounye a ou wè poukisa li se yon tip Legliz la, ki gen menm responsablite a. Tankou yon fanm gen yon responsablite sakre anvè matènite l, anvè vèti l, anvè mari l, Legliz la gen yon responsablite sakre anvè lapriyè ak Pawòl la, e anvè Kris la, jis menm jan ak fanm nan.

102 Epi se tankou fanm nan ap fè vagabondaj ak yon lòt gason; lè legliz la al nan pwogram enstitisyonèl sa yo, ap bati pwogram ak lekòl, elatriye. Mwen pa gen anyen kont yo. Yo kòrèk. Yo akonpli objektif yo. Men yo pa...

103 Jezi pa t janm di: "Al fè lekòl." Li te di: "Preche Pawòl la".

104 Se la a yo neglije L. Se pa fè enstitisyon, lopital, elatriye. Sa yo trè byen, men se pa devwa Legliz la. Devwa yo se preche Levanjil la, men nou te fè tout lòt bagay sof sa a. Epi nou te devye, menm jan Satan te fè l la, epi melanje l ak kèk Levanjil, yon lòt bagay, ak yon lòt bagay, jiskaske li te gen yon aglomerasyon de anyen. Koripsyon, menm tout noumenm, lemonn antye! Obsève tandans mond lan.

105 M t ap li nan Reader's Digest, isit la pa gen lontan, kote jèn fi yo ap fè menopoz yo, epi gason, nan chanjman lavi a, ant ven e vennsenkan. Yo ap avanse nan laj mwayen yo. Koripsyon (Poukisa?) Akòz rechèch syantifik sou manje ak bagay ke yo dekonpoze, ki soti nan bagay natirèl nou ta dwe met nan kò nou. Nou pa anyen lòt ke yon pakèt koripsyon k ap mouri.

106 Ebyen, se sa legliz la ye, tou. Li nan menm kondisyon an.

107 Li se yon tip. Li gen menm vèti presye ki gen anpil valè pa Lespri, ke yo te ba l pou l prezève Lespri a ak Pawòl la, epi pou pa janm komèt adiltè ak anyen nan mond lan oswa nenpòt bagay la. Rete vyèj ak Pawòl la, menm jan yon fanm dwe rete fidèl anvè mari l. Se yon konfyans sakre, pou onore Pawòl Senyè Li a sou tout kredo lòm fè, sajès, denominasyon ki genyen. Yo te bay Legliz la konfyans sa a.

108 Si yo di, "Bon, legliz mwen an..." Mwen pa fè ka de sa legliz ou a kwè. Si li kontrè ak Pawòl Bondye a, rete lwen l.

109 Bib la te di, "Jezi Kris se menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan." Mak 16 te di, "Siy sa yo pral swiv moun ki kwè yo." Si yon legliz preche diferan de sa, pa fè l. Ou mouri a bagay sa a. Se pou w ne de nouvo, nan Pawòl Bondye a. "Ale nan tout mond lan epi preche Levanjil la

bay tout kreyati." Sa a se osi lwen L te ale. "Siy sa yo pral swiv moun ki kwè yo, nan tout mond lan, ak tout kreyati ki vle kwè." Gad ki jan nou te devye de li? Sèten. Men l responsab pou sa.

110 Men koulye a gade sa, Hollywood, te pran bagay vètye yo nan men fanm nou yo.

111 M kanpe la a ap gade honorab granmoun aje sa a, Sè Schrader, anpil nan medam yo isit la, epi dèyè a, epi Sè Moore la a, fanm ki pi aje ki sonje kèk ane de sa. Si manman yo, oswa yo menm, ta soti nan lari, jan kèk nan fanm sa yo ap mache jodi a, manm legliz yo, yo ta fèmen fanm nanyon kote paske l fou. "Li te bliye mete jip li." Ebyen, si sa te foli lè sa a, se foli l ye kounye a.

112 Bon, gade, lemonn antye pwouve ke se foli. Gad krim yo ak bagay k ap pase kounye a nan mond lan. Ou wè? Se foli total!

113 Tout bagay la ap vin pou l akonpli Apokalips la. Nou ka rive ladann, semèn sa a. Kote ke, bagay lèd sa yo, pa natirèl. Sa se bagay espiryèl yo, ki fè moun ap rele pou wòch yo ak mòn yo, ak tout lòt bagay, tonbe sou yo.

114 Foli konplè, total la ke monn sa a pral antre ladann nan, prese prese, li prèske rive kounye a. Poukisa, ou wè mak pye yo l yo. Men li. Li—l ap mache nan lari a, tou dwat anba a sou ban legliz la, foli total la, fè bagay ke yon èt imen pa ta panse fè annetan sivilize.

115 Gade sa Hollywood fè fanm nan. Gad kijan sa ye. Li vòlè vèti sakre fanm nan. Nou ka kontinye, jouk ki bò nou kab ale. Ou wè?

116 Tout bagay sa yo ke l te pèdi. Ki jan l te fè l? Paske te gen yon enstriman sibtil yo rele legliz la, jan ke te genyen l nan jaden Dedenn nan. Yon moun sibtil, dyab la, te antre nan legliz la menm jan l te fè nan jaden Dedenn nan, epi li twonpe l nan sa. Yo te twonpe L. Fanm nan panse...li pa t vle fè mal.

117 Èv pa t vle fè sa k mal. Li pa t fè espre. Men, li... Bib la te di, nan Dezyèm Timote, Premye Timote 3, "Yo te twonpe l." Epi twonpe se pa lè w fè espre pou fè l. Se lè yo twonpe w pou ou fè l.

118 Epi se egzakteman sa k te rive jodi a. Yo te twonpe L, pa televizyon, pa magazin, pa moun sa yo, sa yo, tout bèl bagay sa yo ke y ap sikile, nan lari a. Ti jènn fi modèn yo, yo gade nan magazin yo epi yo gade imaj yo. Yo gade nan lari a. Yo wè rad yo nan boutik yo. Ki jan Satan, gran enstriman sa a pou—pou lanfè a, te desann nan mitan moun yo epi li te twonpe

yo nan bagay sa yo! Epi fanm nan panse li kòrèk. E l mouri epi l pat konn sa. Li lwen Bondye. Gad ki jan l te pèdi tout bagay sa yo, e ki jan sa te sibtil?

119 Jodi a, mwen vle nou remake. Jezi te pale de sa. Epi tou, si w ta renmen li l, Jezi te mansyone ke bagay sa a t ap rive (Èske w te konnen sa?) nan dènye èdtan li yo, jis anvan Krisifiksyon L lan. Ann jis li l, Sen Lik, lan—23yèm chapit la, epi jis yon ti moman, tankou yon leson lekòl dimanch. Kòmanse ak 27yèm vèsè a, mwen kwè mwen te make l isit la. Jezi ki pral sou kalvè a. Koute pandan m ap li l. Dakò. Sen Lik 23:27, mwen kwè, se la nou jwenn li. Nòt mwen an genyen l konsa. Ya. Men li. *Epi te gen yon gwo foul moun ki t ap swiv li, ak... fanm yo, ki t ap kriye, yo t ap plenn pou li. Men Jezi tounen bò yo li te di, Pitit fi Nan Jerizalèm yo, pa kriye pou mwen, kriye pou nou menm ak pitit nou yo. Paske, gade, jou a—jou yo ap vini,...ke y'a di: Benediksyon pou moun ki pa ka fè pitit, pou vant ki pa janm fè pitit, ak pou manmèl ki pa janm bay tete.*

120 Panse, jodi a, se yon wont pou fanm m nan fè yon pitit. Ou wè? *Lè sa a, y'a kòmanse di mòn yo: Tonbe sou nou. e kach... epi ti mòn yo, Kouvri nou. Paske, si yo fè pye bwa vèt la bagay sa yo, kisa yo pral fè pye sèk la?*

121 N ap pale de jou lè fanm yo pa ta vle pitit ankò. Yo vle yon chen oswa yon chat, oswa yon bagay konsa, men li pa vle timoun ankò. Poukisa? Li se "Vye Manman Hubbard" si li gen yon timoun. Ou wè? Li pa vle. Sa a—sa a se remak Hollywood. Li pa vle pou ke fanm nan se yon "Vye Manman Hubbard." Konsa, li pral, li pral fè kèk operasyon pou li oswa manzè, youn, ki pral anpeche yo fè pitit. Yo pa vle pa gen timoun.

122 Jezi te pale de sa. E kisa Li te di? *"Lè sa a yo pral kòmanse kriye pou wòch yo ak mòn yo ' tonbe sou nou'."*

123 Li pral fè planin pou kontwòle nesans, konsa li ka al nan fèt. Li pa ka deranje l ak yon ti bebe pou bay tete. "Sa pral defòme li. Lè l ansent, sa pral defòme l. Li p'ap parèt tankou li te konn ye a." Epi mari l, ase inyoran pou l kite l ale fason sa a. Li pap ba l yon timoun.

124 Jezi te pale de sa. Epi l te di, ke—ke, lè yo t ap fè sa, nan moman sa a yo pral kriye, pou wòch yo tonbe sou yo. Se vini Seyè a.

125 Yo peye gwo kantite lajan pou chat, chen, pou yo manman. Se vre. Li dwe manman yon bagay, paske se yon nati Bondye ba li.

126 Mwen remake. Mwen chase gwo jibye. Yon vye lous nan sezon otòn nan ane a, lè l te kwaze ak lous mal la, li te gen ti pitit apre sa ki fèt. Yo se ti bebe lous bèl gwosè, petèt ki peze yon santèn liv oswa plis. Li pral fè yo gaye epi ibène tèt yo, paske li pral fè kèk ti bebe ankò. Yo fèt nan mwa fevriye. Lous la pa konnen anyen de sa.

127 Yo fèt nan ti sak. Ki jan Bondye fè yo louvri ti sak sa yo, yo menm, ti... tankou ti sak an plastik. Yo jwenn fason pou yo soti. Manman yo sanble ap dòmi. Li pa manje anyen depi Oktòb, e se fevriye. Yo vin bò kote l epi yo pran tete l jouk nan mitan mwa me.

128 Apre sa lè l wè ti pitit li yo, yo kanmenm gen yon bon gwosè, petèt kenz, dis oswa kenz liv chak. Yo te pran tete li. Kouman l jwenn lèt la, se lide Bondye. Li viv, limenm, epi li pwodui lèt pou ti bebe yo.

129 Epi ansuit si kwazman an pa pran, epi li pa gen okenn pitit, li pral chase pou sa lane...ti pitit ane pase yo, epi li pral matène yo pandan tout ete a, paske se ensten ke Bondye ba yo. Li oblije manman yon bagay.

130 Men, si yon fanm pa vle fè yon pitit pou mari l, li pral pran yon chen oswa yon chat, oswa yon lòt bagay. Li te fèt pou manman yon bagay. Se nati li. Men pou fè yon pitit pou mari l', epi elve l' nan sèvis Bondye, sa a antyèman soti nan liy li. Li ta dwe...Oh li ta—oh, li t ap tèlman dezonore, si l te fè sa, pa sosyete ki renmen peche e kategori fanm 1965 sa yo.

131 Yon vrè imaj legliz modèn jodi a! legliz modèn lan tou pa vle youn nan sa yo isit la, k ap rele, k ap kriye, k ap pale an lang, jenn Akt 2:38 bò kote l. Ya. Ya. Ou wè? Ya. Li pa vle okenn nan yo k ap kriye, ak rele fò, "Amèn! Alelouya!" Poukisa, yon timoun konsa ta imedyatman fè mete l deyò nan denominasyon lan. Yo te gen yonn konsa nan youn nan legliz yo, gade non, yo ta jete l deyò byen vit. "Poukisa w kite bagay sa yo ap kontinye?"

132 Kidonk, ou wè, li ansent de yon bagay, paske li akouche tout tan. Men, li pa vle okenn nan yo k ap kriye, rele fò, pale bebe, Akt 2:38, kreyati mizerab ke l panse yo ye. Li ta sètènman fè l wont. Sa ta wuine l ak legliz edike, etik, sosyete syantifik ke l te fè pati isit la. Yo ta jete l deyò, nan pwochen konsèy la. Li pa ka genyen li. Kidonk li pa vle ansent ak Pawòl la, paske se sèl sòt ke Pawòl la ka akouche.

133 Li fèt nan Lespri Bondye a, li gen Lespri Bondye a nan li. Pa gen fè w manb yon legliz entèlektyèl- ak kredo, cheve koupe kout, figi pentire; pa gen yon bagay konsa sa nan tou sa. Ou pa jwenn sa nan Pawòl Bondye a. Ou jwenn yon timoun ansyen mòd, sanktifye, ki ranpli ak Sentespri, ki fèt nan Lespri Bondye a, k ap kriye, k ap rele fò k ap braye, k ap bay Bondye glwa.

134 Li absoliman pa sou bò bagay sa a. Li pa vle sa a. Oh, non, mesye! Non, sètènman pa . Ki sa l fè apre sa? Ebyen li pwodwi yon pè, yon figi pentire, mete bout pantalon, "chat" ilejitim, yo rele yo, mwen kwè ke se sa. Ou wè? Mwen kwè ke yo rele l chat. Ou wè? "Gade chat sa ki pral la a," yo di, oswa yon bagay konsa, ou konnen.

135 Li te fèt oswa li te marye, li te konekte ak premye mari l, premye Adan an, pa madanm adiltè a, Èv, premye madanm Adan an. Ou di: "Adiltè?" Sèten se sa l te ye. Men, o, li fè konnen ke Adan sa a, premye Adan sa a, mouri. "Oh, sèten, li te mouri sa fè lontan. Manzè te di: "Mwen refèt, ankò, e mwen sètènman marye ak Dezyèm Adan an, Kris la, Pawòl la."

136 Kòman sa? Remake sa l renmen. Gad mennaj li, ou vle wè ki moun li renmen. Pawòl la di sesi, men l te di, "Legliz mwen an di sesi." Alòs ki moun li renmen? Ki moun ki mari l? Pwòp fwi li pwouve sa li ye. Egzakteman vre, sa montre kisa l ye. Remake. Li te fèt, dabò, pou Adan, paske se nesans natirèl li. Ou wè? Epi l pa janm kite sa. Sa se yon moun ki renmen mond lan. Li fè konnen li fèt yon dezyèm fwa, a Kris la. Men amoure l, remake, se Adan, ankò, paske l renmen mond lan.

137 Epi yon lòt—yon lòt bagay, remake ki kalite timoun l ap fè. Sa di kisa papa yo ye, kit se premye Adan an oubyen Dezyèm Adan an. Si Legliz la fè yon pitit pou Dezyèm Adan an, li aji fason Dezyèm Adan an aji, menm jan yo te fè jou Pannkòt la. Sa se reyèlman vrè pitit dezyèm Adan yo. Ou wè? Dakò. Nati yo se tankou limenm ak manzè. Wi mesye. Pitit fi l yo, figi pentire, cheve raze, mete rad gason, pantalon. Bib la te di l "pa fè sa". Li koupe cheve li. "Se yon wont pou li." Ou di, "Femen bouch ou, sou sa."

138 Se sa Pawòl la di. Mwen sèlman endike lanati. Se sa ke l fè.

139 Pitit gason l yo, pitit gason ke l fè yo, konte sou edikasyon, lekòl, kèk lekòl bibliik, swadizan, kèk gran kolèj ki sipoze pandan yon bon bout tan, kouve yo, nan yon sòt de enkibatè. Moun k ap chèche denominasyon yo, relijye estil Kayen, jis ilejitim pou Pawòl la menm jan Kayen te ye a; se vre, jis osi ilejitim ke jan Kayen te a, sèten, moun k ap chèche denominasyon yo. Ou wè sa l ye?

140 Bondye pa t janm òganize yon denominasyon. Li te toujou kont sa. Pawòl li kont sa.

141 Men yo jis ret kole ak li, kidonk ou wè sa y ap pwodwi. Sa montre kiyès ki papa yo ak manman yo. Egzakteman. Egzakteman. Jis osi ilejitim ke jan Kayen te ye a. Sa se yon jan de timoun ke l te fè ak Ève. Yo te abandone Pawòl la, epi gade kisa l te pwodwi. Se jis egzakteman sa legliz la te pwodwi, menm bagay la.

142 M kapab pwouve w li, pa Pawòl la, ke se kote sa edikasyon ak sivilizasyon vini, atravè Kayen. Se egzakteman sa. Paske yo pretann... Men, yo—yo pretann yo se pitit Bondye, men se yon denominasyon ki ba yo nesans, se yon lekòl denominasyonèl ki enstwi yo, ak tout lòt bagay. Se egzakteman sa. Rize, entelijan! O la la! Se konsa sèpan an te ye, papa yo. Se vre. Predikatè jis rize epi syantifik menm jan Kayen te ye. Ou wè? Se egzakteman menm bagay la.

Ou di: "Frè Branham, èske se vre?"

143 Ale nan Jenèz 4:16 epi chèche konnen. Tounen isit la nan Jenèz 4:16, jis yon minit, ou pral dekouvri ki jan sa te pase.

Aprè sa, Kayen te pati soti...nan prezans Seyè a, li rete nan peyi Nòd, sou bò solèy leve Edenn.

Kayen te konnen madanm li. epi li vin ansent, li fè Enòk: epi li bati yon vil, epi li bay vil la non, dapre ... pitit gason I lan, Enòk.

144 Desann rive Toubal, ensidswit, la yo te kòmanse, yo te vin ap fabrike enstriman, mizik, elatriye. Sivilizasyon te vini pa Kayen, se vre, ap bati vil, fabrike enstriman. Moun syantifik yo vini soti nan Kayen, semans sèpan an. Kounye a remake vèsè 25 la:

Epi Adan te konnen madanm li ankò;

145 Bon, li te konnen I yon premye fwa e li te gen de pitit. Sonde Lekriti. Li te gen Kayen ak Abèl. Yon ak, epi de timoun. Ou di...

146 Yo te di m, sa pa fè lontan, se te enposib, sa pat kapab rive. Nou gen yon ka nan Hollywood. Hollywood? Nou gen yon ka nan Tucson kounye a menm, nan tribinal la. Yon fanm te fè yon timoun nwa ak yon timoun blan, an menm tan. Yo di li pa ka fè sa. Li ka gen de semans fètil, tou. Yo genyen I nan tribinal la menm kounye a. Mwen konnen sa rive avèk chen yo. Sa rive avèk zannimo yo. E se sa I te genyen, nonm blan an di: "M ap pran swen pwòp pitit mwen an, men pa li."

147 Epi fanm lan te konfese. Li te gen relasyon ak mari l jou maten sa, epi ak mesye nwa a nan apremidi. "Si sa fèt," doktè a di, "nan espas vennkat èdtan, sa ap rive si gen yon lòt semans fètil la." E men ni se la li te fè.

148 Epi se egzakteman sa ki te pase isit la. Kayen sa...Satan, maten sa a, nan sèpan an; ak Adan, apremidi sa. Lè li...Epi li te fè de pitit.

Kounye a, Adan te konnen madanm li ankò (dezyèm fwa a); epi li fè yon pitit gason,...

149 Sonje byen, pa gen okenn kote nan Bib la ki di Kayen se pitit Adan. Sa di: "Li te soti nan mechan an," pa Adan, "dyab la".

... te konnen (dezyèm fwa a), li te konnen...e li te fè yon pitit gason, li rele l Sèt: Paske, li di, Bondye te ban m... (Sa pa t desandan reyèl la.)... te ban m yon lòt desandan nan plas Adan . , ke Kayen te touye a. Kifè...

Sèt te fè yon pitit gason tou. Epi li rele l Enòs. Lè sa a, moun yo kòmanse rele non an Seyè a.

150 Pa soti nan jeneyaloji jenerasyon Kayen an, men nan jeneyaloji Sèt la.

Kidonk, "Kayen soti nan mechan an." Men sèpan an.

151 Kounye a remake. Bib la di byen klè isit la, ke "premye mari l la dwe mouri," pa repidye sèlman. Li dwe mouri.

152 Mwen fèk fin preche sou *Maryaj ak Divòs*, e nou tout konnen sa. Mwen p ap pale kounye a ak kongregasyon sa a isit la sèlman, men a tout peyi a. Trè byen. Bon nou wè sa ki te pase la, nan *Maryaj Ak Divòs* la. Lè li...?...Sèt So yo te louvri, sa te fè soti Verite reyèl la sou sa.

153 Kidonk, pou w marye ak Dezyèm Adan an, Kris la, Pawòl la, ou dwe separe tèt ou pa lanmò, ak premye mari denominasyon w lan, paske pa gen youn nan yo ki ka aksepte tout Pawòl Bondye a. Jis montre m kote sa a ye. "O," ou di, "pa m lan." Yon lòt va di menm bagay la pou pa l la tou. Mete yo ansanm, epi nou va jwenn nou toulede nan lerè, osito ke nou fè nou yon denominasyon. Li Apokalips 17. Kidonk, ou wè, ou dwe mouri de bagay sa a.

154 Bon, m p ap pale a asanble lokal sa. M ap pale ansanm ak tout peyi a. Ou dwe mouri a premye mari w la. Si ou ini ak Kris epi ou toujou marye ak yon denominasyon, ou se yon adiltè. Ou se Lawodise.

155 Antan ke Legliz, atravè tout peyi a, n ap swiv Jezikri, Pawòl la. Pou w nan Lepouz, ou dwe remarye ak Pawòl Bondye a, ki se Kris. “Nan konmansman an se te Pawòl la; Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la se te Bondye. E Pawòl la te fè L chè e L te abite nan mitan nou.”

156 Toutotan w rete atache ak tradisyon imen nan denominasyon yo, yo rele w nan Pawòl Bondye a, “yon adiltè.” Toutotan w ap chache kredo denominasyonèl yo, ou apateni a yon legliz denominasyonèl ki renye Pawòl la, ou se “yon adiltè,” se sa Bib la di.

157 Jezi di: “Ou pa ka sèvi de dye alafwa. Se swa ke w sèvi Bondye oswa w sèvi mammon.” *Mammon* se “lemonn.” “Sila ki renmen lemond, oswa bagay nan lemond yo, lanmou Bondye pa menm nan li.” Semans Bondye a pa ka nan li anmenmtan ke (lanmou Bondye) lanmou lemond lan la. Lè semans Bondye a ap opere nan ou, sa se Pawòl Bondye a. Lanmou lemond pa ka la anmenmtan. Kounye a kote cheve kout yo ye, ak bout chòt yo, ak figi pentire yo? Bon kot bagay sa yo?

158 Ou pa ka gen vèti pou Kris, Pawòl Bondye a, epi sèvi anmenmtan yon denominasyon ki fèt ak men lòm. Se kontrè ak Pawòl la. Pòl di sa isi a. “Ki kote?” Women 7.

159 Ni nou pa ka pote pitit pou Bondye, de Pawòl Li, a gwoup denominasyonèl ilejitim sa. Nou pa ka fè l. Nan enkibatè nou yo, nou pa ka pwodui yon pitit pou Bondye, de Pawòl la. M ap pale a legliz la. Men nou pretann kanmenm ke nou trè relijye. Kayen tou, pitit Èv pwostitye a, li te trè relijye, li te bati lotèl epi li te fè sakrifis, epi li te peye dim li epi li te fè tout sa nenpòt lòt nonm relijye ta ka fè. Men li pat kenbe Pawòl sa. Li pat gen revelasyon an.

160 E revelasyon se sèl bagay ki konte, revelasyon Pawòl la. Kisa ki...Kisa yon revelasyon ye? Jezi di: “Sou wòch sa Mwen va bati Legliz Mwen, e pòtay lanfè p ap domine sou Li.” Lafwa se yon revelasyon; paske Lafwa te revele a oumenm.

161 “Se grasa Lafwa Abèl te ofri, pa revelasyon (pa Lafwa), li te ofri bay Bondye yon sakrifis pi ekselan ke pa Kayen an.”

162 Kayen te panse yo te manje pòm. Yo toujou gen lide sa, men se pat sa. Se te yon adiltè, semans sèpan an. E la, lè Sèt So yo te louvri, sa te deklare li epi pwouve li. Liv mwen fenk soti sou sa. M kwè nou gen yon milye isi a kounye a. Ou wè? Remake. Se selon Lekriti, depi nan Jenèz jouk nan Apokalips.

163 Nan tan lafen an, toulede pye bwa yo rive nan faz pou yo pwodwi semans yo epi pwouve sa yo ye. Se la menm nou ye jodi a, Lawodise ak Lepouz, jis osi klè e nèt ke li ka ye nan Lekriti, epi an plen nan figi nou. "Ou pa ka sèvi Bondye e mammon." Ou pa kapab yon kretyen vètye ki kwè nan Bib la epi asosye tèt ou nan zafè denominasyon. Ou jis pa ka fè li an menm tan. Youn dwe mouri, epi kite lòt la viv.

164 Ni ou pa ka fè yon pitit Pawòl Bondye a. Ni legliz la pa ka fè pitit. Yo pa vle youn nan yo, yon timoun k ap kriye byen fò, k ap rele epi pale an lang, ak tout bagay sa yo. Yo, ou pa ka fè sa nan yon legliz denominasyonèl. Yo p ap pèmèt ou. Se pa fason sa yo pwodwi yo. Yo pran yo, yo souke men yo epi yo di: "Si w kwè, ou genyen L. Osi lontan ke ou mete non ou nan liv la, se tout sa ou dwe fè." Ou wè? Se— se timoun ki pa lejitim dapre Pawòl la, ki toujou pretann yo relijye.

165 Kidonk, legliz la vin ansent ak sajès ak konesans Satan! Yo voye moun pa yo al lekòl, pou aprann kijan pou yo di "amèn" kòm sadwa. Yo aprann yo ki jan pou yo di tout bagay sa yo, epi yo dwe trè entelektyèl. Kisa sa ye? Se gwosès dyab la. Ak kisa Satan te ansent Èv? Avèk enkredilite apwopo Pawòl la, pou entelektyèl, entèlijans, epi sa depafini tout kreyasyon an. Se egzakteman sa li te fè nan Pawòl la jodi a, legliz la. Li te ansent tèt li ak lekòl bibliik ak kolèj, ak bagay konsa, lekti, ekriti, aritmetik, epi yo pa konnen plis sou Bondye pase yon Hotentot ta konnen sou yon nwit Ejipsyen. Yo konnen tout kredo yo, liv lapriyè yo, ak tout lòt bagay, men yo pa konnen anyen sou Bondye.

166 Yo konnen lè Pawòl la konfime, lè Bondye te pale byen lontan epi li te bay yon pòsyon Pawòl Li a pou chak jenerasyon pandan y ap dewoule. Men Noe ki te vini, epi li te preche jenerasyon sa a.

167 Kounye a, e si Moyiz ta vini, li te di: "Ann konstwi yon lach"? Li t ap tou demode. Men li te yon pwofèt. Li te gen revelasyon Bondye.

168 Bondye te konfime ke se Laverite. Li te fè pitit Izrayèl yo soti, epi Li te fè Kolòn Dife a parèt devan yo, Li fè konfime pwofèt la. epi Li te di egzakteman sa L t ap fè, e Li te fè sa.

169 Yo di: "Pa kite Bondye pale. Kite Moyiz pale pou nou pa mouri."

170 Li te di: "Mwen p ap pale ak yo konsa ankò, men m ap sisite pwofèt pou yo, epi yo va pale."

171 Ezayi te kanpe la, li di: "Yon vyèj va vin ansent." Yon nonm tankou li nan yon jou kote... Ki jan yon vyèj pral vin ansent? "Nou gen yon Pitit gason ki fèt: yon Timoun fèt, yon Pitit gason yo bay. Y ap rele l `Konseye, Prens lapè, Bondye Pwisan, Papa Etènèl.' Li va reye sou twòn David, papa L. Wayòm Li an p ap gen fen." Kòman sa pral ye? Li pa t konnen. Li jis pwononse sa Bondye te di. Li depase nenpòt imajinasyon, entelektyèl. Li depase nenpòt rechèch syantifik. Se Pawòl Bondye a.

172 Koulye a nou enstwi etidyan seminè nou yo nan tout kalite teyoloji Biblik ak bagay konsa, teyoloji moun fè, sa bay yon pakèt legliz jis egzakteman konfòm ak Lawodise, tankou Bondye te di li t ap ye. O, la la! Lè mwen gade sa, li ban m frison. Ansent ak konsepsyon entelektyèl! Ou dwe diplome nan lekòl segondè anvan ou ka menm antre. Ou dwe gen... dwe kanpe devan yon sikyat anvan ou ka òdone.

173 Èske w t ap imajine Pyè, Jak, ak Jan al devan yon sikyat? Sonje ke san ven anwo yo, yo pa t kapab menm siyen pwòp non yo? Kanpe devan yon sikyat, wè si yo...si tout pa yo...si reflèks yo te jis dwat, elatriye? Yo te gen yon reflèks, men se pa t konsepsyon entelektyèl la oswa rechèch syantifik. Se te grasa Pwisans Bondye. Lè Li te frape yo, yo pa t konnen anyen pou yo fè, men fè sa Sentespri a te di fè. Yo pa t fè atansyon ak okenn entelektyèl, sa legliz la di, ak sa prèt yo te di, sa *sesi* te di, *sila* te di. Lespri Bondye a te anime yo; gason ki pa pè.

174 Premye Jan 2:15, Li di: "Si nou renmen monn lan, oswa bagay ki nan monn lan, lanmou Bondye a pa menm nan nou." Ou wè? Se konsa, ki jan ou ka ansent ak Pawòl Bondye a ki kondane mond lan, kondane Hollywood, kondane tout mòd li yo, kondane tout fèt sa yo ak devègondaj sa, ak tout sa yo fè sou non relijyon? Li kondane li. Ki jan Pawòl la ka ansent yon moun: ki jan yon fanm ki gen cheve koupe, figi pentire, ki mete bout pantalon?

175 Ki jan yon predikatè ka ale nan yon seminè, epi li gade Ak 2:38 epi li wè pa gen yon moun nan Bib la ki janm batize nan tit sa yo, epi answit li toujou di li ansent ak Pawòl Bondye a? L ap ba ou manti! Li te vann dwa li yo. Li fè adiltè kont Bagay la menm li deklare a. Yo repidye l, nan divòs.

Bondye pral gen yon Legliz vètye, jis egzakteman, yon Lepouz.

176 Bib la di: “Pawòl la pa nan ou.” Kidonk, ki kalite timoun ou fè? Ansent denominasyonèl. Pat gen lanmò ki separe ou de premye mennaj ou a.

177 “Kisa Jones yo pral panse si m pran kriye epi pale an lang? Kisa yo pral panse si m rebatize?” Ala yon tenten! Èske w marye ak Joneses yo? Oswa, èske ou marye ak legliz la? Oswa, èske w marye ak Kris, Pawòl la?

178 Kounye a, se poutèt sa li toujou ap fè pitit li yo. Ki kalite pitit li genyen? Men kèk nan non yo yo rele jodi a: chat, beatles, monstr, Rickys , Rickettas. Chat, beatles, sa se manm legliz. Sèten. Yo tout se pitit li, pitit Kayen yo, ki se pitit bèt sibtil la, jis osi mou ke yo kapab.

179 Kounye a gade byen pou yon ti moman, avèk pwòp je espiryèl ou, nan nanm ou. Jis gade alantou ou. M ap pale atravè peyi a kounye a. Gade jis kèk minit, noumenm ki laba nan Branham Tabènak la, noumenm nan tabènak yo sou Kòt Lwès la, ak Arizona, ak tout kote nou ye a. Gade tèt nou pou kèk minit. Ou di: “ Mesaj w ap preche a, Frè Branham, pa bon.” Gade tèt ou yon ti kras. Kite Sentespri a sonde lespri nou ak Pawòl la, ou pral dakò ak Mesaj la. Kite Kris, Pawòl wen an, sonde pwòp konsyans ou. Kite Li antre nan ou, gade si Se vre oswa non. Epi sa se jis youn oubyen de bagay mwen mansyone, lè gen dè santèn nan yo.

180 Èske Bib la dakò ak yon fanm k ap koupe cheve l? [Kongregasyon an di: “Non.” — Editè a.] Èske Bib la kwè, dakò ak twa batèm nan non “Papa, Pitit, Sentespri”? [“Non.”] Pa gen yon bagay konsa. Èske Bib la dakò ak fanm ki mete rad gason? [“Non.”] Ebyen, jis pran yo twa la, lè gen dè santèn de plis. Sonde li atravè Limyè Pawòl Bondye a.

181 Ou di: “Mwen se yon manm legliz.” Menm jan ak Kayen. Se konsa Èv te ye. Bib la predi, nan dènye jou yo, ke Lawodise a pral menm jan an.

182 Kite Sentespri a egzamine konsyans ou, epi w ap dakò ak Danyèl 5:12, lè larenn lan te vini devan Beltechaza, epi li te di li te dekouvri te gen yon pwofèt, Danyèl, ki te nan mitan yo, e li te yon moun ki konn chase dout. Kite Sentespri a, Li se Pwofèt pou jou a, kite Li antre nan kè w kounye a epi egzaminen ak Pawòl Bondye a, epi dout yo sou Mesaj la va pati. Li fonn tout dout yo. Ou jwenn, sa koresponn egzakteman ak Pawòl la pou jou sa a.

183 Ou pa kapab preche mesaj Luther jodi a. Li fè pati ladan l, men sa a se pye yo. En-en. En-en. Ou pa ka preche Wesley. Ou pa ka preche Pannkòtis. Nou pi lwen pase sa. Yo te fòme yon denominasyon epi yo te mouri. Yo se tij la.

184 Tij la vini ak pous la, se premye faz legliz la. Bon, sa la pa sanble ak premye grenn ki te ale nan tè a, ble a.

185 Dezyèm ki soti a se yon polèn. Sa toujou pa sanble grenn lan. Li sanble plis avè l. L ap vini plis nan imaj grenn reyèl la. Men, pous yo pa sanble sèten ak grenn ki te ale nan tè a. Li se yon pòtè lavi a ki te nan grenn lan. Men kisa li te fè? Li te fòme yon denominasyon, menm jan ak tout lòt eleman nan lanati adapte ak li. Li te mouri.

186 Epi alò kisa? Lavi a kouri dwat moute nan egrèt la. Li gen anpil ti—ti boul ki pandye sou li, sanble genyen ti—ti grenn anndan l. Sanble tankou se grenn reyèl la, men se pa sa.

187 Apre sa, li pase desann nan bal la. E kisa li pwodwi? Bal la.

188 Kounye a, pran yon grenn ble, lè ble a konmanse pouse. E Jezi di, "Yon grenn ble..." Epi si ou pran ble sa a epi ou louvri li. Rale l soti nan tij la. Gade l. Ou di: "Nou genyen yon grenn ble." Fè atansyon. Li jis egzakteman tankou grenn lan, men pa gen yon ti kras grenn lan nan li. Se bal la.

189 Men Pannkòtis yo, "Si tèlman," jan Matye 24:24 di, "sa ta sedwi menm Eli yo nan dènye jou yo, si sa te posib." Men ou mèt rale fèy sou fèy ladan l, ou p ap jwenn okenn grenn. Grenn lan nan fon dèyè li. Ou wè?

190 E alò Lavi a soti nan denominasyon sa a, li antre nan grenn lan. Answit sa k pase? Lè grenn nan kòmanse grandi, epi gwosi pou l kouvri yon bagay, denominasyon an retire l sou

Li. Poukisa nou pa gen yon denominasyon ki soti nan Sa a ? Yo p ap janm genyen l. Se grenn lan. Li pa ka ale pi lwen. Nou nan tan lafen an. Kifè kisa Li dwe fè kounye a? Rete nan Prezans Pitit la, pou vin mi, se egzak, Pawòl la dwe vin mi nan kè w, pou pwodwi epi viv sa n ap pale a. Wi, mesye.

191 Alò, ou p ap gen dout ankò, si w kite Sentespri a revele w Li, menm jan larenn lan te di l konsènan Danyèl.

192 Ou ka di petèt: "Kisa tout bagay sa a gen pou wè avèk aksyondgras? De kisa w ap pale a, Frè Branham? Men li fè nevè mwenka. Ou pa t di anyen konsènan aksyondgras." Ala yon Mesaj pou okazyon an, dapre mwen! Wi, tout bon.

193 Papa pèlren yo te rekonesan anpil pou nouvo vi yo te genyen an. Lè yo te separe de ansyen denominasyon angle yo ak kredo yo, yo te kapab marye ak nouvo Pawòl Bondye wen an pou laj yo a; se vre, nouvo Pawòl Bondye wen pou laj yo a, pou epòk pa yo a.

194 Donk noumenm tou nou ka rekonesan, antanke pèlren, tankou Abraham, nou separe tèt nou ak bagay monn nan, tout asosye nou yo. Abraram te yon pèlren. Bondye separe nou de tout relijyon ki mouri yo. M ap pale ak tout peyi a kounye a, tout kredo ki mouri yo. E nan ki bi? Li separe nou, Li louvri pou nou yon nouvo peyi, yon nouvo Mesaj pou jounen jodi a.

195 Pannkotis cheche epi li mouri, tankou Luther, Wesley, ak rès yo. Se pa plis ke yon pakèt legliz ki lye ansanm. Gen bon moun ladan l, ankò, yo dwe soti la.

196 Kisa Li te fè? Li te louvri Sèt So dènye Mesaj la. Nou remake sa? Sèt So yo, se ke, tout mistè sèt aj legliz yo te sele ak Sèt So yo. Refòmasyon yo pa t gen tan fè sa nan epòk yo. Yo pa t viv ase lontan. Men revelasyon beni Sèt So sa yo, li louvri pou nou nan dènye jou sa yo, apati de yon pwofesi ki akonpli nan Arizona.

197 Lòt jou, m te vrèman mande Bondye: "Kisa W ap fè avè m isit la nan dezè sa a?"

198 Èske nou te konnen Moyiz te ekri Nouvo Testaman an...oswa Ansyen Testaman an? Li sètènman te fè sa. Kat premye Liv yo prezante lalwa sou tout bagay: Jenèz, Egzòd, Levitik,

ak Detewonòm. Li te ekri Ansyen Testaman an. Pou fè sa, li te oblije kite tout asosye li yo ak moun li renmen yo, epi ale nan yon dezè.

199 Pòl te ekri Nouvo Testaman an. Se vre. Li te ekri epi Women an, a Women yo ak tout rès ki ladan L la, Ebre ak Timote, elatriye. E pou fè sa, li te oblije separe ak tèt pa l, epi desann an Arabi, nan yon dezè, pandan twazan, pou jwenn revelasyon Bondye.

200 "O," ou di, "e Matye, Mak, Lik, ak Jan?" Yo te eskrib ki jis te ekri sa Jezi te fè.

201 Pòl separe epi mete Pawòl la ansanm. Se vre. Ebyen, alò, gade, si li te pran sa, epi li te oblije ale nan yon dezè, lwen moun yo renmen ...

202 Nou sonje sa, *Ki Lè Li Ye, Mesye?* Konbyen moun ki janm tande l? Di: "Amèn." [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.] Èske se te egzakteman sa? ["Amèn."] Apre sa, nou gen revelasyon an nan dènye jou sa yo, pou Mesaj Seyè Bondye a pou rasanble Lepouz Li a ansanm. Sa pat pwomèt a okenn lòt aj. Sa pwomèt nan aj sa a: Malachi 4, Lik 17:30, Sen Jan 14:12, Joel 2:38. Pwomès sa yo se egzakteman menm jan Jan Batis te idantifye tèt li nan Lekriti.

203 Jezi te idantifye tèt li. Kisa yo te di? "Touye yon moun konsa!" "Jan se yon nonm sovaj." Legliz la pa t kapab resevwa li. Sa a se modèl la. Ni legliz la p ap resevwa l jodi a.

204 Men, pou Eli yo, Bondye ap rele Eli yo. Yo konnen li: L ap rele Lepouz vètye a, Pawòl la, Legliz dènye jou a, Dam eli Jezikri, Seyè nou an, Pawòl la. Si...Jezi se Pawòl la. Konbyen moun ki kwè sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.] Byen. Alò, Lepouz la a se toujou yon pati Lepou a, kidonk Lepouz la p ap yon denominasyon. Li pral dwe Pawòl la, manifeste, pou Li Lepouz Kris la. Li te pwomèt pou l fè l. Li te di ki jan li t ap fè l. Li pa janm sèvi ak...pèdi modèl li. Li te toujou fè li pa modèl la. Li te fè li, chak fwa, pa modèl la. Li fè sa ankò, Li rele Lepouz vètye Li a nan dènye jou a, bèl Rebeka k ap tann Izarak Li a. Ala bèl moman!

205 Sa mete an limyè de liv ki pral misterye pou ou lè ou li liv *Sèt Aj Legliz yo* . De liv yo: Liv lavi a, yo di, youn di ou ka enskri non ou sou li, li p ap janm ka efase; yon lòt di yo ka retire non li nan Liv Lavi a. Sa mete bagay la pafètman an limyè, isit la menm. Mwen pral rete nan kèk minit, petèt, ak kèk nòt mwen gen isit la, epi touche pwen sa a anvan nou fini.

206 Lavi se yon bagay sakre, pou Bondye, epi li anrejistre nan yon liv. Bondye se Otè lavi. Ou kwè sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.]

207 Lavi natirèl nou isit la, sa nou genyen an, se jis yon pèvèsyon. Li vrèman ta dwe lavi kòrèk la, pou kòmanse, men li pèvèti pa nesans natirèl la. Premye lavi a, oswa premye inyon ou, ou te pran nesans, pa nati, pa yon zak natirèl. Yon èt imen natirèl, apati yon relasyon, yon gason ak yon fanm ansanm, ki gen yon relasyon seksyèl, ki te pote premye lavi ou isit la, e ki asosye ak peche ak lanmò. Ki jan ou ka rate wè semans sèpan an?

208 Lè ou wè fanm lan, yon soupwodwi; pa gen yon lòt femèl tankou l; li te fèt konsa, pou ke li te kapab sedwi. Bondye te konnen. Si li pa t konnen lafen an depi nan kòmansman an, alò Li pa t Bondye. Si Li pa enfini, si Li pa, si...Li pa ka enfini san Li pa omnisyan, omniprezan, konnen tout bagay, Etènèl. Kifè Li te konnen tout bagay, e Li te dwe fè fanm sa a.

209 Òm lan pa t gen madanm. Madanm lan ak òm lan te menm bagay la. Li te gen lespri feminen ak maskilen an nan li.

210 Li te oblije separe, pran yon soupwodwi, apre tout kreyasyon an te fin fèt. Okenn femèl ki te kreye pa Bondye, nan kreyasyon orijinèl la, pa ka fè yon bagay konsa. Li te fèt konsa, pou fè sa. Li te konnen li t ap fè sa. Si Li pat konn sa, Li pa t Bondye.

211 Men, ou wè, atribi ki nan Bondye yo te dwe manifeste. Li—Li te dwe yon Sovè. E antan L te fè tout bagay pafè, fason Li te fè l la, alò pa t ap gen anyen ki te ka pèdi. O, piga nou rete timoun. Se pou nou gason ak fanm. Nou nan fen wout la. Remake.

212 Bon, se te lanati, ki te asosye ak lanmò. Premye mari ou la, ki te domine sou ou, se te nati ou pa nesans natirèl. Natirèlman, ou renmen mond lan paske ou se mond lan, e ou fè pati mond lan. Se vre? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.] Pa nati, dezi w se te pou w renmen monn ou fè pati a. Ou se yon pati nan lanati. Nou kwè sa? ["Amèn."] E se plezi natirèl ou.

213 Se rezon ki fè ou dwe ne de nouvo. Ou dwe separe; ou dwe mouri a premye mari sa a. Ou pa ka viv avè l. Ou pa ka di senpleman: "Ebyen, mwen pral divòse avè l, epi m pral

debarase m de li an atandan." Non, mesye. Pa gen ekri lèt divòs! Se pou li mouri. Nati mond lan dwe mouri. Chak tras nan li dwe mouri. Ou dwe reyini, ankò, ak yon lòt Nati.

214 Non ou nan premye nati ou, te fèt, epi yo te mete l nan yon liv lavi. Epi tout zèv ou yo te ekri ladan l. Tout sa ou te fè anba nati sa a te mete nan yon liv, yo rele liv lavi a.

215 Remake, nan Danyèl, lè li te rive devan "Ansyen Jou yo, Sila cheve L te blan tankou lenn mouton. Dimil fwa dimil fwa dimil te akonpaye L, pou sèvi Li; Lepouz la—la. Epi alò liv yo te louvri." "Epi yon lòt Liv te louvri, ki te Liv Lavi a." Ou wè? Gen sen ki deja la, Legliz la, Lepouz la. "Yon lòt Liv te louvri, ki te Liv Lavi a."

216 Kounye a, ou menm, men lè w te separe de inyon sa a, pa lanmò espartyèl: Dezi natirèl ou se koupe cheve w. Dezi natirèl ou se mete bout chòt, pentire figi ou. Dezi natirèl ou se pou w yon entelektyèl, yon moun entelijan, ki konnen pi plis pase lòt la. Se sa Èv te vle. Se bagay sa menm li te vle.

217 "Ebyen, ou di! Oumenn ti predikatè an de tan, predikatè de pa kat, ki kanpe la pou ap di m? Mwen gen yon doktora, yon Lisans an Lèt," Sa jis mennen w pi lwen Bondye, chak fwa ou ajoute yon bagay. Ou wè? Ou wè? Se vre. Se verite. Ou wè?

218 Se sa Èv te pran. Li te ansent ak jan de gwosès sa. Se sa legliz la ye jodi a, pa lekòl biblik ak Entelektyèl yo. Epi, gade, chak grenn nan yo pa dakò ak lòt la, yon gwo dezòd jis egzakteman sa Bib la te di a, "Babilòn."

219 Epouz la konnen ki kote l kanpe. Li se kèk grenn. Pa p gen anpil k ap sove; jis kèk ti grenn tou piti. Ou di, "Oke, la, te di, 'dè milye.'" Wi. Men, yo te vini atravè de mil ane, epi, nan chak laj kote Li te soti. Janmè...

220 Laj Luther ak gwoup sa a; Apre sa, li mouri, epi yo ale, òganize; ansuit, Wesley; epi apre sa, pentkotis yo, elatriye. Ak tout ti branch ki te soti nan Batis, Presbiteryen, Metodis, Nazareyen, Pèleren Sentete, elatiye, wè, tout sa yo te pouse soti la tankou fèy la.

221 Men, nou sonje, lè li te desann, epi grenn nan te kòmanse muri, ou jwenn, anvan grenn sa a te ka muri, tout bagay ki nan pye sa a dwe mouri. Alelouya! Ou pa wè ki kote nou kanpe?

Lavi a nan grenn ankò. Kisa li ye? Jis egzakteman tankou menm grenn nan kite ale nan tè a, menm Jezi a nan fòm Epouz la, menm pouvwa, menm Legliz, menm bagay, menm Pawòl. Menm Pawòl la aspire sa yo epi soti isit la, epi vin nan yon tè isit la. Ak tout Lavi sa a ki vin pase isit la, ranmase moun li yo. Kounye a, li fòme moute nan yon tè, pou Anlèyman an. M ap pale sou sa demen swa, oswa pwochen swa, si Senyè a vle.

222 Ebyen, ou te separe de premye inyon ou a, pa lanmò espiyèl. Kounye a ou fèt ankò, oswa remarye ankò, nan nouvo inyon espiyèl la; non pa lavi natirèl ou nan bagay ki nan mond lan, men pa Lavi etènèl. Jèm sa ki te nan ou nan kòmansman an, te jwenn ou.

223 Kounye a, ansyen liv ou a disparèt, avèk ansyen inyon ou a. Kounye a, non ou nan ansyen ou a, nan ou... te transfere. Kounye a, ou di, "Èske ou vle di m ke ansyen liv mwen an..." Bondye mete l nan Lanmè Oubli Li a. Ou kanpe pafè devan Bondye.

224 Kounye a, non w kounye a nan nouvo Liv la; pa liv lavi a, men nan Liv Lavi Anyo a, sa Anyo a te rachte a. Pa ansyen liv inyon natirèl ou a, men nouvo ou a, Epouz. Alelouya! Nouvo lavi ou nan Liv Lavi Anyo a, sètifika maryaj ou, Alelouya, kote Vrè jèm Etènèl ou a, depi nan kòmansman an, pran rasin. Kounye a ou pa sèlman padone, men ou jistifye. Glwa! "Jistifye," Women 5:1 te di. Wi. Women 5:1 te di, "Pa konsekan etan jistifye pa lafwa."

225 Gade pawòl la. Mo a pa vle di "padone." Mo a

vle di "jistifye". Li pa vle di ou padone.

226 Pa egzanzp, si ou te tande mwen te sou epi—epi mwen te fè kèk bagay ki mal, epi konsa. Answit, ou apwoche, di mwen. Ou dekouvri mwen pa t fè yo, answit ou vini, di, "Frè Branham, mwen padone ou." Padone m? Mwen pa t fè li, pou kòmanse. Ou wè?

227 Kounye a, si m te fè sa, mwen koupab. Men, ou ta ka padone m, epi mwen pa ta p koupab. Men, malgre tou mwen pa jistifye, paske mwen te fè li aktyèlman.

228 Men, mo *jistifye*, se kòm si ou pa t janm fè l. Amèn. Se pa menm konsidere, ditou. Kòmman sa fèt? Nan Liv Lanmè Oubli Bondye a, ansyen liv ou ak maryaj ou a divòse epi mouri, epi li pa menm nan memwa Bondye. Amèn. Ou jistifye. "Pa konsekan etan jistifye." Li te akize. Ou

te akize. Ou pa t janm fè sa, pou kòmanse. Ansyen inyon an nan Lanmè Oubli Bondye a. Ou pa t marye ak li, pou kòmanse. Limenm, Epou a, te pote wont ou a, Limenm, pou ou, nan plas ou. Li te pran plas ou, paske ou te predestine pou Li, pou ou te nan Epouz Li a, avan fondasyon mond lan. Bib la te di sa. Ou se Semans predestine a.

229 Ki jan ou te rive fè sa? Ou te sedwi ladan l pa premye maryaj ou a, pa paran adiltè ou a, Èv. Se pa t pwòp fòt ou. Pa nesans natirèl ou a, ou soti de Èv, ki te fè adiltè. Se rezon ki fè ou te fèt adiltè. Ou se yon pechè, pou kòmanse. Se vre. Ou te sedwi ladan l. Ou pa t gen... Non, ou, se pa fòt ou.

230 Ou pa t janm fè sa. Paske, ti jèm sa ki te nan ou a, te sipoze vin ou menm, anvan fondasyon mond lan. Bondye mete non w nan Liv Lavi Anyo a.

231 Menm jan ak istwa ti ègl mwen an, nou tout te tandè l. Yon manman poul... Yon vye kiltivatè mete yon—yon poul kouve, yon fwa. Alò li pa t gen ase poul soti ... ze pou ale anba poul la. Se konsa, li jwenn ze yon ègl, donk li te mete li anba li. Lè ègl la te fèt, li te ti poul ki pi etranj ke poul sa yo te janm wè, vye ti ègl sa ak lòt yo. epi lèpoul ta di, "Klòk, klòk, klòk, klòk."

232 Ti ègl sa te di, "Mwen pa konnen sa son sa vle di, men m ap swiv li, malgre tou."

233 Epi yo te soti nan lakou a epi yo te kòmanse grate nan pil fimye a. Epi li, "Klòk, klòk, klòk. Sa bon. Sa bon. Vin jwenn nou. Epi se sa..."

234 Vye ti ègl sa a, li pa t kapab manje bagay sa a. Ou wè? Li jis—li jis ale ansanm ak poul la paske li pa t konnen. Li pa t konnen kisa pou fè. Answit li te ale deyò a, epi li ta p jwenn sesí a oswa *se/a*. Epi ti ègl la jis... li jis te oblije vale l, men li—li pa t konnen ki jan pou fè sa. Men li te wè tout poul yo fè sa, men gen yon bagay diferan. Li pa t renmen sa.

235 Kidonk, yon jou, manman an te konnen li te ponn de ze. Se konsa, li kòmanse al chase lòt la, vole alantou, chèche, tankou gran Sentespri a. Yon jou li te vole anlè lakou a, denominasyon sa a. Li gade anba, li wè ti bebe li a. Li rele byen fò. Se te Vwa yon bagay ki te fè eko soti anndan li. [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] O, son sa a bon! O! Kite yon jèm

reyèl fèt-predestine, predestine pa Bondye, tandè Pawòl Bondye a, Se mizik pou li. Li konnen Se Laverite.

236 Li fatigue ak bagay denominasyon sa a, de tout fason, "Rejwenn nou. Vini, ale avèk nou. Nou gen yon pati sosyal. Nou te gen sa a. Nou te gen ... "Li jis pa t sonnen kòrèk, pou ti konpè a.

237 Li te di, "Pitit mwen, ou pa fè pati gwoup sa a, de tout fason. Ou apatwen a Mwen. Ou se pou Mwen."

238 Li te di, "Maman, sa sanble reyèl. Ki jan mwen pral soti?"

239 "Jis fè yon so. M ap atrap ou." En-En. Se sa sèlman ou gen pou fè.

240 Pawòl wenn Bondye a konfime devan nenpòt moun ki fèt pou vin yon pitit Bondye, ak jèm predestine a nan li pou Lè sa a, li pral wè Mesaj Bondye a osi vrè ke gen yon Bondye nan syèl la. Martin Luther te wè Li pou jou pa li a. Wesley te wè Li pou jou pa li a. Pannkotis te wè Li pou jou pa li a. Kounye a e ou menm? En-En. Yo antre nan yon denominasyon. Men Pawòl ki kondane li a isit la; ki di ou sa nou dwe genyen jodi a, ak egzakteman Malachi 4 epi tout lòt pwomès sa yo pou lè a. Kisa ou we? Kisa w ap gade? Amèn. Vwala. Vrè, otantik ègl yo tandè. "Brebè Mwen yo konnen Vwa Mwen. Epi yo p ap swiv yon etranje."

241 Poukisa? Li te plase la pa predestinasyon. Ou te preòdone pou yon pitit Bondye. Ou te nan Bondye anvan fondasyon mond lan. Ou sèlman manifeste jou sa a pou onè ak glwa Li. Ki jan ou kapab fè sa san ou pa onore Pawòl li a, epi kanpe ak chak Pawòl Bondye? Wi mesye. Dayè, ou fè pati de Pawòl sa a, pa predestinasyon. Paske, gade, Bondye se Pawòl la. Ou kwè sa? [Kongregasyon a di, "Amèn." — Editè a.] Ebyen, si...Li te toujou Pawòl la. "Nan kòmansman an se te Pawòl la." Donk si Pawòl la te Bondye, alò ou te nan Bondye. Pawòl la, wòl ou dwe jwe a, te nan Bondye anvan fondasyon mond lan. Li te wè ou. Li te konnen ou. Li te predestine w pou sa.

242 Mwen pral di nou, menm jan ègl sa a te rekonèt vwa sa a, se konsa tou yon—yon reyèl, kretyen ne de nouvo rekonèt Vwa Bondye ki pale atravè Pawòl la, lè yo wè Li wenn epi

konfime. Wè. Li leve je l *Laba* a. Li pa t wè vye poul sa a klòk-klòk alantou isit la, "Rejwenn nou epi ale *isit la*," epi, "ale nan sa a," ak, "ale nan sesi ak *se/a*." Li te wè yon- yon kreyati tankou jan li te vle ye a, navige nan lè a, k ap kriye, lib, byen wo nan lèzè, anlè tout kadav yo ak bagay ki sou latè. Alélouya! Li te vle konsa paske li te nan li nan li pou l konsa.

243 Epi yon nonm ki fèt nan Bondye, yon pitit gason Bondye, dwe genyen nati Bondye a. Li dwe tankou Bondye. Li onore Bondye. Li fè pati Pawòl Bondye a. Epi nan dènye jou sa yo, kote Epouz la ap pran fòm, jis egzaktman menm pouvwa Li te ye nan kòmansman an, te travèse òganizasyon sa yo, elatriye, epi vini pou Epouz la. Li pa kapab anyen dot ke sa.

244 Yo te sipoze wè sa, jwif yo nan epòk yo a, lè yo te wè Li manifeste devan yo, menm jan pwofèt la te di Li t ap ye. Li te di: "Sonde Ekriti yo; nan Yo Menm ou panse ou gen Lavi Etènèl. Se yo Menm ki temwaye de Mwen. Si Mwen pa fè travay Papa Mwen, pa kwè mwen. Men, menm si ou pa kapab kwè Mwen, fè sa... kwè travay Mwen te fè yo."

245 Yo te di: "Zansèt nou yo manje laman nan dezè a pandan karantan. Nou konnen ki kote nou ye."

246 Li te di: "Epi yo tout mouri," sa vle di, separasyon Etènèl. Yo tout mouri. Te gen sèlman twa, de ki soti nan yon milyon, de milyon. Sa se youn nan yon milyon.

247 Poukisa, yon piki, espèm ki soti nan gason an ak nan fi a, gen an jeneral yon ze fètil. Gen yon sèl ze, yon sèl jèm ki fètil, si w konn obsève ibridasyon nan betay. Remake. *Isit la* gen yon—yon milyon ze; *isit la* gen yon milyon jèm; aprè lè yo-yo libere, yo reyini ansanm nan matris la, pase atravè tib la aprè nan matris la, yo rankontre. Youn nan yo se ze. Yon milyon ze; yon milyon jèm. Gen yon sèl ze ladan l ki fètil. Gen yon sèl jèm fètil. Yo tout vivan. Ou kapab Gade ti zwilit vach sa yo k ap bouje ladan l, yon ti tach ke ou ta ka mete sou yon tij alimèt.

248 Epi Demos ak lòt yo ap koute aswè a, epi li sonje lè nou te pran yo. Li te mennen m laba a, montre m kijan sa fèt. Sereng yo, epi mete ladan l jis kantite ke ou ta ka mete sou pwent yon alimèt. Se te dè milye de ti zwilit vach ak ti towò ladan l, men se sèlman youn nan yo ki ka viv. Se sèlman youn nan yo! Epi isit la se yon gwo balon ranpli ak yo menm, *isit la*. Epi w

ap remake, youn pral rale soti nan mitan sa a ki *isit la*, ale tout dwat sou, jèm la vini *isit la*; epi youn ze ap vini soti nan mitan lòt ze sa yo *isit la*, epi yo pral rankontre ansanm. Epi rès yo mouri. Malgre yo vivan, poutan yo mouri.

249 Paske, gen youn Bagay, youn Moun ki fè sa a fètil, epi òdone sa a, tou. Se predestinasyon, frè m. Asireman. Bondye dwe detèmine si li pral youn ti gason oswa youn ti fi, cheve wouj, cheve nwa, oswa kèlkeswa sa li ye a. Li detèmine pa Bondye. Plis mistèrye pase youn nesans vijinal, pou mwen. Men, remake, rès yo mouri.

250 Te gen de milyon moun ki soti, chante, rele, fè tout bagay. Te pale nan... pa t janm pale an lang. Men, yo rele byen fò, epi—epi bay Bondye glwa, epi yo danse anwo rive anba lanmè a, epi te fè sa tout rès group la te fè, men te gen de sèlman ki te ale nan tè pwomiz la. Kalèb antre, Kalèb ak Jozye, de sèlman. Sa se youn sou youn milyon. Se youn nan youn milyon nan nesans natirèl. Chak grenn nan yo te gen menm benediksyon.

O, nou menm pentkotist, mwen espere nou pa leve twò ta.

251 Youn nan youn milyon. Gade. Sipoze gen senksan milyon swadizan Kreyen nan mond lan jodi a. Si Jezi ta vini, ta p gen sèlman senksan ki ale avè L, konsa, si estatistik sa a reyalize vre. Poukisa, gen plis pase sa ki manke chak jou, atravè mond lan. Yo pa konnen anyen de sa.

252 “‘Mwen konprann,’ doktè lalwa yo te di, ‘ou konnen sa...’ Poukisa doktè lalwa yo di ke-ke: ‘Eli dwe ini anvan?’” yo te di Jezi.

253 Li te di: “Eli te vini déjà e ou pa t konnen sa.” Ou wè? Li te fè egzakteman sa ke ekriti yo te di ki t ap rive Li a. Ou wè? “Se konsa, Fis de lòm nan dwe soufri. Anba...” Yo pa t rekonèt Li. Poutan, yo tout te nan legliz la. Tout te deklare ke yo te vivan.

254 Epi jis kite youn vrè kreyen, ne de nouvo, youn vrè sèvitè Bondye, tandè Pawòl Bondye a, li pral soti de tout denominasyon, pou tè reyèl fètil sa a, pa Pawòl la, tèren ansemansman an. Li pral jis fè sa. Mwen pa konnen ki jan li fè li. Bondye te òdone li pou fèt.

255 Ou te sedwi pou kòmanse, pa premye maryaj ou a. Kounye a ou konnen sa ki vre. Menm jan mwen te di a, ti ègl la lè li te tande Vwa Epou a, li te ale jwenn Li, Pawòl Bondye wenn, konfime pou dènye jou a.

256 Noe te Pawòl konfime pou epòk li a. ou kwè sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Ebyen, mesaj li a pa pral fonksyone jodia.

257 Moyiz te Pawòl konfime nan epòk li a. ou kwè sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Sa p ap fonksyone kounye a. Jezi te...

258 Jan te Pawòl konfime. Ou kwè sa? [Kongregasyondi: "Amèn." — Ed.] Li pa t ap fonksyone nan epòk Jezi a. Sètènman pa. Non, mesye. "Lalwa ak pwofèt yo te rive jiska Jan; depi lè sa a, Wayòm Syèl la."

259 Apot yo, moun menm ki ekzpoze Bib la. Men Luther soti, nan Refòmasyon, pawòl li yo, ke, legliz li a, p ap fonksyone jodi a. Wesley non plis. Pannkotis non plis. Li te fonksyone nan epòk yo a.

260 Men se yon lòt jou. Sa a se ouvèti Sèt So yo. Mwen konnen Li son etranj pou ou, men Bondye te konfime li pafètman. Pa gen okenn—okenn kesyon nan Sa. Jis pafètman! Mwen pa pibliye sa nan asanble lokal isit la. M ap pale ak pèp la atravè nasyon an. Ou wè?Fè sa ou anvi.

261 Kounye a, remake Pawòl wenn nan epòk Li a, de ki ou fè pati, pa predestinasyon. Ou imedyatman, tankou, te konnen. Lè ou tande Sa, ou te konnen byen vit ke ou te yon ègl. Ou te reyalize tou ke oupa t yon poul denominasyon, pou kòmanse. Ou te konnen gen yon bagay movè la. Gen yon bagay ki movè, se vre, paske ou konnen ke ou te pyeje ladan l, nan kòmansman an.

262 Li, Epou a, te wete wont ou, "Epi Li mete l nan Lanmè Oubli a, pa Dlo lavman Pawòl la ak San lavi a." Se sa Bib la te di. Premye mari ou sa ou te epouze a, mond lan...Epou wenn la, ki òdone ou davans, te lave ou nan Dlo lavman an. Pa "legliz la"? [Kongregasyon an di, "Non."]

— Editè a.] Sa pa sonnen byen, pa vre? ["Non."] Ou ka jwenn sa nan almanak la, men pa nan Bib Bondye a. "Pa lavman Dlo pa Pawòl la." Nan Pawòl la! Wè? Pa...

263 Ou kanpe konplètman jistifye, kòm si ou pa t janm fè sa nan komansman. Sa a se Mesaj mwen bay Legliz la kounye a. Kòm ou ... kòm nou ale nan lèzè, jis nan yon minit. Ou kanpe, si ou kanpe sou Pawòl Bondye a epi ak Pawòl Bondye a, chak amèn, chak detay, chak tit. Ki kote ou kanpe? M ap eseye di ou, retire pa y sa yo. Epi soti isit la nan ble a, kote ou ka muri nan prezans Fis la. Mwen tandè konbin nan ap pwoche. Ou kanpe okonplè, jistifye, tankou ou pa janm fè li pou kòmanse. Alelouya!

264 Pale de yon aksyon de Gras! Mwen santi mwen vrèman byen. Mwen pli rekonesan pou sa pase tout lòt bagay mwen konnen.

265 Ou se Epouz pur, vètyez, ki san peche Fis Bondye vivan an. Chak gason ak fi ki fèt nan Lespri Bondye a, epi lave nan san Jezikri, epi kwè tout Pawòl Bondye a, kanpe kòm si ou pa t janm peche pou kòmanse. Ou pafè. San Jezikri a! Ki jan ou ka... Si yon moun...

266 Si mwen te sipoze mouri nan maten, yon moun te pran plas mwen, mwen pa ka mouri pou peche sa a. Yon moun te pran plas mwen.

267 Epi Jezi, Pawòl la, te pran plas mwen. Li vin tounen mwen, yon pechè, pou m kapab vin Li, Pawòl la. Amèn. Kite m rete fidel ak Li, pa legliz la. Pawòl la! Amèn.

268 O, inyon esprityèl Kris ak Legliz li a kounye a, lè lachè a ap vin Pawòl, epi Pawòl la ap vin lachè, manifeste, konfime. Jis sa Bib la te di ki pral rive nan jou sa a, l ap pase, jou aprè jou. Poukisa, l ap akimile tèlman vit deyò a, nan dezè sa yo, ak bagay k ap fèt, ke mwen pa t kapab menm swiv li. Nou pre Vini Jezi a, pou nou ini ak Legliz Li a, kote Pawòl la vin Pawòl la. Apèl Sentespri a, ap chache kè yo!

269 Ou kanpe okonplè. Ou pa t janm fè peche pou kòmanse. Bondye pa menm konnen anyen. Li nan Lanmè Oubli a. Ou pa t janm fè li. Ou te akize de li, pa akizatè a. Men, reyèlman, soti nan kòmansman, ou te predestine pou vin yon pitit gason ak yon pitit fi Bondye. Ou kanpe

laba, lave. Epi ansyen liv divòs ou a mete de kote, epi li mouri, absoliman soti nan legzistans, menm nan lespri Bondye.

270 Ou se Epouz vètyez Kris la, ki lave nan San Kris la. Fis de Dye san peche, presye, vètye kanpe ak yon Epouz-Pawòl, pur, san melanj, ke Li te lave nan Dlo pwòp San Li a; ki vin lachè epi manifeste, pou Li ka pran ou men ki te predestine nan sen Papa a, anvan kòmansman, menm jan Li te ye a. Li te gran atribi Bondye a, ki rele "lanmou".

271 Kèlkeswa sa ou ye, nou se sèvitè Bondye, kèlkeswa sa Bondye vle ou fè, kote plas ou ye. "Bondye plase nan legliz la apot, pwofèt, pwofesè, pastè yo..." Li te plase sa gras a Pwòp predestinasyon Li a. Epi ou te sa, pou kòmanse.

272 Premye maryaj ou a te anile. Se sa. Ou pa t janm fè sa, pou kòmanse. Paske, gen yon sèl bagay ki te ka fè li, se ta pou Bondye desann, Limenm, epi ta pran plas ou nan fòm Fis de Dye a, Jezikri, epi ta lave ou nan Dlo, nan lavman Dlo a pa Pawòl la. Pawòl la; pa denominasyon an! Pawòl la lave ou. Men si ou pa pral kanpe nan Dlo Pawòl la, ki jan ou pral fè lave? Ou toujou tache menm jan Èv te ye a.

O, presye Anyo a ki mouri, San presye ou

P ap janm pèdi pouvwa li a

Jiskaske tout Legliz Bondye rachte a

Sove pou pa janm peche ankò.

273 Kisa peche ye? Peche se "enkwayans". Enkwayans nan kisa? Pawòl la; enkwayans nan Bondye, ki se Pawòl la.

274 Pur, san melanj; o, alélouya; ap pati byento pou syèl la; amèn; kanpe pare. Panse. Rad ou yo, lave pa Dlo Pawòl sanglant la! Pawòl la vin San. Pawòl la te senyen pou ou, epi ou te lave nan Pawòl sanglant. Pawòl la, sanglant! Lavi Bondye nan Pawòl la, epi Pawòl la te senyen pou ou, pou ou te kapab lave de salte pwostitiye sa yo, epi te netwaye epi sanktifye pa lavman Dlo Pawòl la, epi fè lide ou ak kè rete sou Bondye ak sou Pawòl Li.

275 Kounye a, ki jan w fè konnen Se vre? Lè Bondye desann epi konfime Li epi pwouve.

276 Ou di, "Ebyen, mwen pa t kwè sa konsa." Yo pa t kwè Li Fason Jezi a, men Bondye te pwouve Li. Yo pa t kwè Se fason Noe a. Yo pa t kwè fason Moyiz la. Yo te vle aksepte pawòl Balaam pou Li, "Nou tout se menm bagay la, kidonk ann jis asosye nou ansanm."

"Separe tèt ou", Bib la te di, "de enkwayans."

277 Alelouya! Kounye a, remake. Ou pa sèlman sa, men ou pral nan maryaj la nan syèl la. Epi w ap mete bann predestinasyon an, gras imerite, yon bann maryaj de gras imerite nan ou menm. Bondye te fè sa, Limenm. Li te konnen ou anvan fondasyon mond lan, kidonk Li te glise bann maryaj la sou ou Laba a, mete non ou nan yon Liv. Ala yon aksyon de gras! Alelouya! Lwanj pou Bondye nou an!

278 Kounye a, pou fini, mwen ka di sa. Nou tout konnen ke legliz modèn la, pentkotis, nan kondisyon aktyèl li a...Tout denominasyon yo ansanm, mwen pral jete yo tout nan yon sèl pakèt, paske yo se sa. Ou menm sonje, Li pral mete move zèb yo nan yon pakèt, an premye, epi boule yo answit. Pran ...Li pran tout pay pye ble yo, epi boule yo tout, an premye; answit, Li pran, vin pran ble Li a epi pote l lakay Li. Yo tout ap rasanble nan yon pakèt, pakèt Metodis, Batis, Pannkotis, tout pral nan Konsèy èkumenik. Se tou. Yo tout boule. Wè?

279 Nou tout konnen legliz modèn lan, nan kondisyon aktyèl li ak eta aktyèl li a, pa nan okenn kondisyon pou fini gwo komisyon ke Bondye te bay Legliz la pou jou sa a. Konbyen pentkotis ka di "amèn" pou sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Egzak.Ou wè? Li nan...

280 Nou se Initè, Binè, Trinitè, *sesi, sela, se lòt bò*, meli melo, batay. Youn se sa a, ak youn se *sela*, epi *lòt bò*. Epi chak gren nan yo te pè fè fas ak Pawòl la, jiska tès la. Wè? Yo konnen. Ou pale yo de Sa, epi yo di, "Mwen—mwen pa ka sipòte li. Mwen pa ka kwè Sa. Mwen pa bay enpòtans a kisa li fè. Mwen..." Wè? Wè? Wè? Montre ki manman ak papa ou genyen. "Ou ka yon presbitè leta yon jou. Ou kapab vin *sesi, sela, oswa se lòt bò*." Li preferab pou yon pitit Bondye.

281 Kounye a, nou konnen ke legliz la pat ka, legliz Pannkotis la, pa gen okenn fason, pa gen okenn fason, transmèt Mesaj dènye jou a, nan kondisyon aktyèl li. Èske li tap kapab? [Asanble a di: “Non.”—Ed.] Kidonk, li pa menm ka dakò sou youn ou de Pawòl Bib la. Kijan ou pral fè l? Li pa ka fè l. Alò, nou wè, denominasyon an pa ladann. Se vre.

L ap on pèp eli ki pral eli pou sa. Wè?

282 Kounye a, konnen, e sa a tou, nou tout konn sa, ke tout sistèm denominasyon yo, Pannkotis ak tout rès la, yo mouri, sa se, pou Kreyen Mesaj la ki ne de nouvo. Wi. Premye mari w mouri. Nou konnen ke li mouri. Bondye kite l mouri. Li fini. Tout metòd syantifik li yo, entelektyèl, pedagogik, syantifik, swadizan lekòl bibliik li yo ak tout bagay sa yo, yo peri. Kisa yo te fè? Separe, inite *isit*, trinite *la a*, epi binitè *isit*, epi bò *isit*, epi bò *la a*, epi tout on dezòd, epi rele tèt yo Pannkotis.

283 Bon, lòt jou a, m al wè yon jenn gason; l ap tande m kounye a menm. Epi yon jenn fi, li te fè pati de yon sèten legliz. Li t ap di...Mwen di...Yo te separe. Mwen: “Ki pwoblèm?”

Li di: “Nou pa gen menm kwayans.”

Mwen di: “Oh, mwen dezole. Èske ou Katolik?”

284 Li di: “Non.” Li di m legliz denominasyon ke l fè pati a, on legliz Pannkotis.

285 Mwen di: “Kisa *ou ye?*” Li te Pannkotis tou, men yon lòt denominasyon. Oh!

286 Nou konnen, legliz Katolik Women te kòmanse, Pannkotis? Konbyen ki konnen ke se vre? [Asanble a di: “Amèn.”—Ed.] Sa te pran l de mil ane pou li rive la a kounye a, li jis pa aksepte anyen de Ekriti a ankò. Anyen. Ebyen, Pannkotis yo, nan ventan, y ap pi mal ke jodi a, si yo kontinye ale menm jan l ye kounye a. Ebyen, sètènman. Wè? Kisa l ye? Kisa l ye? Gade kiyès ki papa yo ak manman yo. Yo kite medam yo koupe cheve yo. Yo prèske ka fè sa yo vle. “Depi ke yo fè pati de legliz sa a, se sa ki konte.”

287 Oh, li pa etonan, li pa etonan ke kondanasyon Bondye a ap akimile! Bondye mete l devan je nou epi nou fèmen je nou, pou nou pa gade l. Wi. Nou fèmen kè nou, alò ke nou wè veritab Pawòl Bondye a, epi Sèt So sa yo ki te konfime epi ki te pwouve ke se vre. Epi

temwayaj nan syèl la, atravè nasyon yo epi toupatou lòt kote, avèk gwo siy e mirak ke L te pwomèt akonpli, apresa ou fèmen a sa, ou di: “Mwen-mwen pa konnen. Mwen-mwen pa ke fè anyen. Mwen...” Wè? Oh lala! Yo mouri, e yo pa konn sa. Peche ak ofans! Ou mouri. Oh lala!

288 Nou tout konnen ke legliz la, nan eta sa a, pat ka fini nan dènye jou sa a. Kijan l ta ka entwodwi Malachi 4? Kijan li ta ka fè l? Yo pa menm kwè nan bagay konsa. Kijan l ta ka kwè, entwodwi Lik 17:30? Kijan l ta ka entwodwi tout lòt Ekriti yo ki te pwomèt pou dènye jou sa a? Li pa t ap kapab, paske li nye Yo. “Kòm sa te ye nan epòk Lòt, se konsa l ap ye lè Fis de lòm nan ap vini.”

289 Gade nan ki eta Lòt te ye, Sodòm te ye, nan epòk sa a. Gade eta legliz la nan epòk sa a. Gade sa ki te rive Abraham, Eli a.

290 Gade sa ki te rive Lòt epi sa yo ki te Sodòm. Gade Billy Granham, Oral Roberts, epi lòt yo ki lòt bò a ki nan mitan denominasyon yo. Gade Legliz eli Abraham lan, ki retire kò l.

291 Gade ki jan de siy ke Jezi Limenm, Bondye ki enkarne a ki kanpe la a nan on kò imen. Ou di: “Se te yon Anj!” Bib la di Se te Bondye.

292 Seyè Bondye, Elohim, ki te kanpe la a nan on kò imen, ap montre ke Li t ap wen Legliz Li nan dènye jou yo, sa t ap Bondye k ap aji ankò nan yon kò imen. “Kòm sa te ye nan epòk Sodòm, se konsa l ap ye lè Fis de lòm nan ap vini.” Menm jan de bagay. Yo wè l egzakteman la a nan Ekriti yo. Li... “Sonde Ekriti yo, paske se nan yo nou kwè genyen Lavi Etènèl.” E se yo ki rann temwayaj de Sa. Wè? Wè?

293 Alò nou konnen ke yo mouri. Bondye kite yo mouri nan pwòp pwogram egoyis syantifik, pedagojik yo.

294 Tout Pannkotis yo te gen abitud voye pitit yo lekòl Biblik, nan tan lontan, lè Frè Loyate ak lòt yo te la a, yo t ap chase nou de legliz la. “Men, oh, kounye a se pi bèl bagay. Pitit gason mwen pati nan on lekòl Biblik.” L ap fouye tonm li. Alò, kounye a, nou panse ke yo t ap ka aksepte Sa jodi a?

295 Nou panse ke m ap eseye ankouraje inyorans? Se pa sa. M ap di nou ke gen yon diferans ant aj entelekyèl sa a ke n ap viv la, kote legliz la te anvayi pa lasyans e tout swadizan “konsepsyon” sa yo, e tout bagay. Ou pa ka konsevwa Bondye.

296 Ebyen, sakrifikatè sa-sa yo te gen yon konsepsyon pafè de Bondye, yo te konnen kijan Mesi a ta pral vini, men Li vini yon jan tèlman diferan de sa yo te imajine. Li pat syantifik. “Kijan Nonm sa a, ka yon Timoun ilejitim? Ki lekòl L ale? Ki kote Li resevwa edikasyon Li? Ki kote Li resevwa aprantisaj sa a?”

297 “Kidonk, W ap eseye anseye nou? Ou fèt nan fònikasyon.” Wè? Oh, mizerikòd!

298 Èske nou wè menm bagay la ap repete ankò? [Asanble a di: “Amèn.”—Ed.] Èske nou wè bagay la ap repete? Yo tout nan syans relijye yo, syans relijye yo selon sa lekòl Biblik yo di, se konsa yo vle L. “Se konsa pou L ye, sinon Se pa sa.”

299 Bondye jis twonpe yo, a chak fwa. Li toujou vin diferan. Se sa ki rive nan tan Noe; ki rive nan tan Moyiz; ki rive nan Kris; ki rive nan tan Jan; ki rive nan tan disip yo; ki rive nan tan Wesley; ki rive nan tan Luther; ki rive nan tan Pannkotis; e se sa ki rive ankò. Li pa chanje modèl Li. Se toujou menm bagay la ki fèt. Te gen refòmateur sèlman atravè sèt...sis aj sa yo, jiska setyèm nan. Epi Apokalips 10 di ke a lè sa a ap gen yon chanjman. Epi se sa ki pase.

300 Kounye a n ap fini, pandan n ap di sa. Fini gwo komisyon an, kijan yo t ap ka fè l? Nou konnen ke yo mouri. Bondye kite yo mouri, nan aj syantifik sa a, yo tout, pou-pou L te ka (fè kisa?) devwale mistè Sèt So yo pou Epouz non denominasyonèl la. Kouman on denominasyon te ka aksepte Sèt So yo, alò ke Li absoliman kontrè, semans sèpan an e tout lòt bagay sa yo? Tout sèt ministè yo, an antye, yo kontrè a sa yo anseye yo, paske yo pran ansyen lekòl la de lekòl Biblik yo a.

301 Epi Sèt So Bondye yo, lè yo te louvri sou montay la; ke Bondye, non, ke m mouri kounye a sou chè sa a si Se pa Verite. E mwen te anonse nou davans, yon ane e sis mwa anvan sa te rive, sa L te di m: “Ale Arizona,” e sa ki ta pral rive lòt bò a nan dezè a. Epi gen moun ki chita la a, aswè a, ki te kanpe la a epi ki te prezan lè sèt Anj yo te desann. Epi menm

mag-...Magazin lan, magazin *Life* lan te pibliye yon atik sou Sa. Li jis la a nan obsèvatwa a, ak tout bagay. Kounye a, yo pa menm konnen de kisa L ye.

302 E tout bagay te di, oh, jiska destriksyon Kalifòni a, k ap vini byento, e tout lòt bagay sa yo. E mwen di yo nan konbyen jou sa pral rive, e kijan sa pral pase kote gwo tranbleman tè sa ap rive Alaska, e se pral kòmansman siy tan an , e kisa k pral pase. Epi jis mo pou mo, sa Li te di, Li pa janm fayi yon sèl fwa. Ou pa janm wè L ki fayi. Epi Li pa ka fayi, paske Se Pawòl Bondye. “Epi Syèl la ak tout tè a va pase, men Li pa ka fayi.” Se vre.

303 Bondye te oblije louvri Sèt So sa yo, pa nan on denominsayon. M te toujou kont sa. Men, andeyò denominsayon an, Li ka pran on Epouz, pa yon epouz denominasyonèl. Li pa t ap kapab. Sa a kontrè a Pwòp Pawòl Li. Li louvri sèt mistè sa yo andedan an. Sa a montre, li fè bagay sa yo sòti ki te kache depi fondasyon mond lan, ki ta ka revele nan dènye jou yo, bay pitit Bondye yo. Yo sòti Sa kounye a devan moun yo, pou yo sa wè L, men li, ou konnen, bay Epouz non denominasyonèl sa a. Oh lala!

304 Men de liv nou yo. Youn nan yo se Liv Lavi Ayo a. Non w ladann te predestine pou I La. Li pa ka disparèt, paske ou pa ka retire I ankò pase anyen, wè, paske li te predestine pou li Ladann. Men liv regilye lavi a, ka retire I a tou moman. Wè? Ou pa repanti, li efase, de tout fason, paske ou pral sibi Jijman an. Epouz la pa menm sibi Jijman an; Li ale nan Anlèvman an. Tou kòm...

305 Mwen di sa, pou fini. Li kòmanse vin ta, alò... li prèske nevè-trant. E n ap soti la a disi nevè-trant, si Seyè a vle. Gen anpil respè kounye a, tandè. On lè...

306 M ap di sa kounye a, sa a kominike atravè nasyon an. A New York, kounye a li onzè vennsenk minit. Anlè nèt a Filadelfi e toutotou la a, byenneme sen sa yo ki chita k ap tandè, kounye a, toupatou nan legliz yo. Anlè nèt, anba nèt toupre Meksik, anlè nèt toupre Kanada e toutotou, atravè. Twasan kilomèt, nenpòt ki kote sou kontinan Amerik di Nò a isit, prèske, gen de moun ki la a, k ap tandè kounye a la a. Milye de milye ap tandè.

307 E sa se Mesaj mwen pou nou, Legliz, oumenm ki fè yon inyon, yon inyon espiyityèl pa Pawòl la, ke ou mouri a vye mari sa yo. Ou ne de nouvo. Pa eseye detere li. Li mouri. Si ou

son Kretyen ne de nouvo, ti jèm sa a ki te predestine pou ou, se Pawòl la ki vin sou Pawòl la, sou Pawòl la, sou Pawòl la, sou Pawòl la, epi ou rive jiska estati pafè Kris la, se vre, pou Li ka vin chache Epouz Li. Kounye a, nou jis pare pou on sèl bagay, sa se Vini Seyè a.

308 Men non w nan Liv Lavi a. Liv Lavi a se Pawòl Bondye a, paske Pawòl la se Bondye, e Bondye sèl se Lavi. Alò non w te reprezante nan Bib la anvan ke Bib la vin on Pawòl. Epi si ou la pou akonpli sa, èske Li pap konfime Pawòl sa a? Èske Legliz la pap konfime Tèt Li? Èske Malachi 4, e tout lòt bagay sa yo, pap konfime pafètman, pafètman Tèt yo epi montre ke se Sa L ye?

309 Lè Jezi te vini, Li di: “Si M pa fè zèv ki te pwomèt ke M t ap fè, pa kwè M.” A ki gwoup Li adere? Li di: “Yo tout...Se Satan ki papa nou, epi se zèv li n ap fè.” Wè? Wè?

310 Nou nan dènye jou yo, Legliz. Sa se Mesaj aksyon de gras mwen pou nou.

311 Kounye a, anvan nou fini. On lè, m te nan Pak Nasyonal Glasye a. Nou te tandè, tout jounen an, ke ta pral genyen-ta pral genyen on chit dlo...on glasye dife ki ta pral desann pandan nwit la. Alò moun yo te okipe, tout jounen an, ap prepare bagay sa a, paske yo ta pral fè koule dife sa a, sware sa a. Yo fè tonbe on dife likid, tankou yon gwo glasye dlo. Men se... Ou ta di yon lakansyèl, prèske, lè li soti, de dife sa a ki desann de glasye sa a. Toutotou pak la, madanm mwen avè m, epi timoun yo, nou pwomennen tout jounen an. Nou te vle rete, pou wè spektak dife sa a. Alò yo-yo-yo te pwomèt nou ke nou t ap wè l, e ke nou t ap ka wè l ankò. Yo te di ke yo genyen l toujou pandan sezon ete yo e elatriye. Mwen di: “Ebyen, èske n ap ka wè l?”

312 Yo di: “Nou pwomèt li aswè a. Yo pwomèt nou li.” Yo di: “Yo anlè a ap pare li kounye a.”

313 Apre ke tout bagay te prepare pou evènman an! Se sa k ap pase kounye a. Tout bagay ap pare pou evènman an, on Legliz ke Li fè soti poutèt Non Li, Li fè Epouz Li soti nan mitan mond lan, de denominasyon sa yo e tout mond lan, e salte a avèk bagay mond lan.

314 Tout moun yo; evènman an te prepare. Tout moun yo te kanpe deyò. Yo di nou: “Kounye a, gade byen, tout anlè montay la lòt bò a.”

315 Se toujou konsa ke Sa pase. Se konsa ke Sa pral pase fwa sa a. Se toujou konsa ke Sa rive. Pa atravè yon denominasyon! Bondye pa janm itilize yon denominasyon, jamè!

316 Refòmatè a rive, li resevwa Pawòl Seyè a. Apresa lè I mouri, yo konstwi yon denominasyon sou sa. Se sa ke Pannkotis yo ak tout lòt yo te fè. Lè nouvo kesyon yo e tout bagay, se jisteman konsa, se konsa ke bagay la parèt. On nouvo pawòl ki ajoute, epi yo konstwi yon legliz sou sa, fè yon denominasyon, separe tèt yo. Li te dwe fèt konsa.

317 Bon, nou pa ka fè pi byen-nou pa ka fè pi byen ke lanati. Lanati a swiv menm woutin la, tout tan: tij la, fèy la, glan an, e elatriye, bal la, apres a ble a.

318 Kounye a remake. Tout bagay te pare. Tout bagay te limen epi prepare. Epi tout moun te kanpe deyò. M te leve tèt mwen, bra m te alantou madanm mwen. Nou t ap gade. Timoun yo te kanpe la a, nou tout ap gade anlè, konsa. Oh! Se te yon bagay, paske nou t ap tann sa. Yo te pwomèt nou li.

319 Amèn! Pawòl la pwomèt Sa. “Se pral konsa, anvan gwo e terib jou Seyè a rive, men, M pral voye nou Eli, pwofèt la. L ap mennen tounen kè timoun yo bay papa yo, epi kè...” “Se pral konsa nan dènye jou yo, M pral repann Lespri Mwen depi Anlè.” “Premye e dènye lapli a pral tonbe ansanm, nan dènye jou yo.” Tout pwomès sa yo te bay, atravè Ekriti yo. N ap gade anlè. Gade veritab Epouz la atravè nasyon an lè sa a, k ap gade anlè. Legliz, L ap vini, youn nan jou sa yo. Osi sèten ke L te vini premye fwa a, Li pral retounen. Pare tout bagay. Separe tèt nou de bal la. Rete devan Fis la. Kontinye gade anlè. Rete sou gwo atant.

320 Menm lè a, nou tande yon bagay depi tèt mòn lan, on vwa desann nan opalè yo, li di: “Tout bagay pare.”

321 Alò nonm sa a, ki te kanpe bò kote m, li di: “Kite dife a desann.” Men I ap vini, I ap desann sou montay sa a, yon glasye dife ak flanm, on spektak pou wè.

322 Frè, annou pare tout bagay, paske youn nan jou sa yo Dife a pral desann. Nou pral monte. Kounye a annou pare pou moman Dife a pral desann. Nou nan dènye jou yo, nou tout konn sa, e nou pare pou Vini Seyè a. Sa pou fè, se separe tèt nou de tou peche. Separe tèt nou de tout sa ki pou mond lan. “Pa renmen mond lan ni bagay ki nan mond lan.”

323 “Pa kite pèsonn twonpe w pa kwayans li.” Rete dwat nan pwomès Bondye a, Pawòl Bondye a. Epi Pawòl sa a, si Se yon Pawòl pou jou jodi a, Bondye pral konfime L. Si Li pa fè l, se pa Pawòl pou jou jodi a.

324 Pawòl la ki te desann Jou Pannkòt la p ap mache jodi a. Non mesye. Se te pou Pannkòt la. Sa se pou Epouz la, Epouz la k ap rantre Lakay. Nou resevwa yon bagay diferan. Pannkotis yo te reprezante sa a, ankò. Nou nan aj Epouz la. Pa plis ke-ke Pawòl Noe a pa t ap mache nan tan Moyiz; pa plis ke lalwa Moyiz t ap mache nan tan Pòl isit la. Li eseye di yo: “Ou mouri a sa, e ou pa ka gen sa.”

325 Legliz, a nou menm m ap pale, aswè a, atravè nasyon an, si-si nou separe tèt nou de denominasyon e de tout salte avèk bagay ki nan mond sa a, epi tout bagay sa yo ki kenbe nou nan kredo ke lèzòm fè epi òdonans epi bagay konsa, nou separe tèt nou: Gade anlè. Pare kò nou. Dife a pral desann, youn nan jou sa yo. Bondye pral kite L vini, e son spektak pou wè. Èske n ap pare lè L ap vini? Èske n ap pare pou monte avè L, lè L ap vini? Anlèvman sekrè Epouz sinatirèl la: “L ap pase de-de leta mòtèl a imòtèl; L ap chanje, nan on moman, nan on kout je. Noumenm vivan, k ap rete, nou p ap devanse sa yo k ap dòmi.

326 Lòt jou a, Jou Armisti, m te la a nan Tucson. Ti gason mwen te vle wè defile a. M t ap etidye, e m p at gen tan pou fè l. E m te gen anpil apèl malad epi bagay. Alò li di: “Papa, yo pa vle mennen m.” Li di: “Mennen m.”

327 Mwen di: “Dakò.” Frè Simpson, m panse li la a; epi ti gason l te vle ale. Alò, m fè yo monte nan machin lan epi m kouri desann.

328 M rete la a nan kwen lari a epi m gade. Apre yon moman, mwen tandè, byen lwen, on bri an soudin k ap vini, “womp, womp,” tanbou k ap bat. M te kanpe la a. M panse: “Ebyen, ti gason sa yo, yo vrèman li tout liv sa yo sou lame. Y ap vrèman renmen sa.” Mwen remake, premye a ki vini se te vye tank Premye Gè Mondyal la. La yo vini, ti kanmarad konsa. Apresa, vin genyen answit, vin genyen apres a se te nouvo gwo tank Dezyèm Gè Mondyal la, gwo tank Sherman nan avèk on fren de bouch sou li. Apresa yon swivan, epi on swivan, epi apre on moman vin gen Manman Solda yo ki mouri nan batay.

329 Epi apre on moman, vin rete douz veteran, nan tout leta Arizona a, de Premye Gè Mondyal la: douz veteran. Apresa, vin gon cha, on sòlda enkoni, avèk on ti kwa blan. Te gen on matlo, on maren, epi yon sòlda, ki t ap monte la gad; on ti patisyon sou cha a. Sou bò lòt bò a te gen yon manman aje avèk cheve gri, ki te chita avèk on etwal an lò epengle sou li, on bèl ti epouz ki t ap kriye lanmò mari l; on ti gason an ranyon, tèt li vire de kote. Yo te touye papa l. Epi apre dèyè sa a, vin gen lòt, epi lòt, epi lòt, epi apre te gen nouvo lame a. M te kanpe la a. Ala yon spektak pou wè, men ala tris!

330 Mwenpanse: “O Bondye, youn nan jou sa yo, m pral kontanple yon lòt spektak.”

331 Pral gen yon jou rezirèksyon, kote, “Premye yo ap dènye; epi dènye yo ap premye.” Ansyen pwofèt yo pral manifeste an premye, e n ap wè kòtèj sa a k ap leve, ap mache vè syèl la. “E noumenm, vivan ki rete, nou p ap devanse sa yo k ap dòmi. Paske twonpèt Bondye a pral sonnen, mò an Kris yo pral resisite an premye.” N ap aliyen nou dèyè yo pou antre, alélouya, tout olon aj Luther a, Wesley, Metodis, Presbiteryen, jiska dènye aj la, sa yo ki resevwa Pawòl la nan epòk yo.

Ke Bondye beni nou. Pare tout bagay, e Dife a pral desann.

332 Annou koube tèt nou on moman. Mwen mande m, nan odyans vizib sa a aswè a, alò ke m kenbe nou isit la pandan...jiska nevè-trant. Èske gen youn isit la, èske gen yon douzèn isit, konbyen isit la, k ap di: “Frè Branham, mwen wont tèt mwen, fason mwen te viv. Mwen te sèvi denominasyon anpil ak lèzòm. Mwen konnen ke m pa an akò avèk Pawòl Bondye a. M ap jis mande w pou priye pou mwen, Frè Branham”? Leve men nou. Ke Bondye beni w. Ke Bondye beni w. Jis gade, anlè nèt nan balkon yo, tout kote. Ke Bondye beni nou. “Mwen konnen...” Bon, pa wont. Kounye a, pa wont.

333 Epi lòt bò a, atravè nasyon an, de New York a Kalifòni, de Kanada a Mexico: noumenm ki rasanble nan legliz sa yo (kote ti gwoup fidèl sa yo ki kwè Mesaj sa a ak tout kè yo; yo soti, soti de gwo tribilasyon, soti de denominasyon sa yo; yo se jèm Lavi) èske nou santi ijans la, aswè a, tankou ti èg la, ke nou tande yon Bagay ki yon ti jan diferan de sa nou tande, men, poutan, nan kè nou nou konnen ke se Verite a? Oumenm, lòt bò a, gen yon pastè ki kanpe la a yon kote. Ou leve men w. M pral priye pou ou.

334 Bagay sa yo pat fèt an kachèt, zanmi. Sonje: “Pòt la etwat e chemen a sere, epi men gen kèk moun ki pral jwenn li.” Pa ale avèk foul sa a k ap deplase lòt bò a, zanmi, Aj Legliz Lawodise sa a. Li ka sote ponpe, danse anba mizik, li tyèd. Li pa di ke li te frèt, kounye a, li di li te tyèd, sa se Pannkòt la, epi li pa konnen ke li mizerab, malere, avèg. Avèg a kisa? Pawòl la, a manifestasyon Pawòl la; paske Li pa janm pase pa òganizasyon yo, yo pa ka resevwa L.

335 Epi noumenm minis ki Tucson, aswè a, m pa kenbe nou responsab pou sa. Se Bondye ki fè l. M te lòt bò a pandan twazan. Mwen te di nou ke m pa t ap louvri yon legliz. M pa fè l. Se Frè Peary Green ki ouvri l. Mwen te lòt bò a pandan twazan, epi pa yon sèl fwa ou envite m sou chè pa w la. Mwen rete Tucson pandan prèske twazan. Bondye pral retire m nan dezè a youn nan jou sa yo. Mesaj sa a dwe viv. M te fè tout sa m kapab pou nou aksepte m. Mwen-mwen konn poukisa nou fè l. Nou tandè? Sèl rezon nou fè li, denominasyon nou ta pral mete nou deyò. Epi nou konnen, anpil nan nou, mwen pale avè nou, lòt bò a nan Restoran Furr, e nou konnen ke se Verite. Wont pou nou.

336 Soti la a. Soti la a, frè. Si gen kras Vi nan ou, ou t ap tankou ti èg sa a mwen sot pale, ou t ap tandè Pawòl Bondye a. Sonje, joun nan jou sa yo, ou pral tandè Li pou dènye fwa. Nou trè pwòch kounye a. Èske ou pap vini, aswè a?

337 Bondye byenneme, nou rasanble solanèlman kounye a, se vrèman on jou aksyon de gras, Seyè. Mwen rekonesan, Seyè, ke m ap viv nan jou jodi a. Se pi bèl jou. Apot Pòl te anvi wè jou sa a anpil. Gran mesye tan lontan yo te anvi wè l anpil. Pwofèt yo te anvi wè l anpil. Yo t ap tann jou sa a. Abraham t ap tann jou sa a, paske li t ap chache yon Vil kote Achitèk e Konstriktè a te Bondye; li pandye jis anlè nou, aswè a. Jan te wè Lespri Bondye a desann de Syèl la, li rann temwayaj, li te konnen ke se te Fis de Dye a. Epi, panse kounye a, L ap chwazi Epouz Li.

338 Bondye byenneme, toupatou nan peyi a, pale avèk kè yo. Se Ou sèl ki ka chanje kè yo. Si pat gen Semans ki te plase nan kòmansman an, yo pap janm wè L, Seyè. Yo jis... “Avèg la pral kondwi avèg la. Yo pral tonbe nan twou a”, se sèten, paske Pawòl Ou di l.

339 Kounye a, Papa, kòm nou wè atravè peyi an, atravè mond lan, an Afrik, dè douzèn, e dè douzèn atravè Afrik Di Sid, Mozambique, atravè tout peyi an, ti asanble kap pran kasèt sa

yo. E se konsa kasèt sa a ale nan ven ak kèk nasyon patikilye, diferan. Y ap kòmanse wè L epi elwaye, dè santèn ak dè santèn nan yo. Sa pap pran anpil, Seyè. Apresa lè yo resevwa dènye manm lan nan Kò an, Kris ap vini.

340 Seyè Bondye, m ap mande Lepouz lan, aswè a, sila yo ke mwen santi ki elwaye epi ap tann, se pou yo separe tèt yo de tout bagay nan mond lan. Yo dwe lonje nan Prezans Limyè cho Pitit la de Pitit Bondye a, ap benyen nan Pawòl Li, nan lanmou Li. Akòde I, chè Bondye.

341 Se pou moun sa yo isi a, ki vizib, ki te kenbe men yo anlè, aswè a, dè douzèn nan yo atravè gran tabènak sa a, mwen priye, Bondye, ke nouvo Lavi ap antre nan yo; mwen priye li, pou atravè nasyon an ak menm atravè mond lan, kote kasèt la ap jwe, ke y ap resevwa tou Mesaj Aksyon de Gras sa a epi konnen, pa endikatè ak bagay ki te prezante yo, kisa yo dwe fè. Mwen priye sa, Papa. Akòde I. Beni yo. Yo pou Ou.

342 Mwen konnen se koutim kounye a, Papa, ke nou mande moun yo al nan lotèl la. E mwen priye, chè Bondye, ke nan chak misyon, toupatou nan viwonn lan, ak nan atravè mond lan, ke yo va vini nan lotèl la: nwa an, blan an, jòn, mawon, kèlkeswa kote yo ye a; rich la, pòv la, endiferan an, mandyan yo, kèlkeswa sa yo ye a.

343 Denominasyonèl yo, sila yo ki pwoklame pwòp tèt yo epi santre sou tèt yo, O Bondye: "Toutouni, mizerab, malere, avèg, e pa menm konn sa." Ou te di sa tap fason sa a, e se fason sa l ye.

344 Kifè mwen priye, Papa, ke Ou va rele chak Semans, aswè a. E toupatou atravè mond lan kote Sa ka tonbe, se pou Li atrap ti èg sa a ki konnen Vwa Seyè li an. Akòde I, Seyè. Mwen remèt yo ba Ou, nan Non Jezi. Amèn.

345 Kounye a ak tèt nou bese, isi a nan oditwa vizib la. Èske kèk isi a tap, ki pat sove, pat menm bay Bondye kè nou, èske nou pa panse nou ta dwe rekonesan pou sa Jezi te fè pou nou? Pou panse, ke ou se yon pechè, ke ou se yon etranje pou Bondye, e poutan Yon Bagay nan kè w, ap frape. [Frè Branham frape sou lestrad lan—Editè a.] Kijan pou nou fè konnen ke nou se youn nan ti èg sa yo! Nou mizerab, e n ap mizerab, jouk nou abandone ba Li. Poukisa

nou pa fè sa se youn nan pi gran aksyon de gras nou te janm genyen, lè nou te resevwa Jezikri kòm Sovè nou.

346 Èske n ap pwoche isi a epi kanpe nan lotèl la? M ap priye avè nou si n ap vini, nenpòt pechè, gason oswa fanm, ti gason oswa tifi, manm legliz oswa pa manm legliz. Manm legliz pa fè w yon Kreyen kounye. Lotèl la louvri. Èske n ap vini, nenpòt pechè ki ta vle vini, resevwa Seyè Jezikri. Ta renmen vrèman sispenn...

347 Kèk nan nou denominasyonèl ki ta renmen sispenn nouri sou manje poul sa a, nan di: "Ou fè pati de sa a e se kòrèk," ou vrèman vle konnen kisa vrè batèm Sentespri an ye? Vini, chache konnen.

348 Lotèl la louvri. Nou pare. Jis monte dwat, sot—sot nan chèz nou. Monte dwat epi met ajenou isi a nan lotèl la, frè sa ki fèk vini a.

349 "Aksyon de Gras, O Bondye, mwen tèlman rekonesan anvè Ou. Ke, tout vi mwen, mwen te konnen te gen yon bagay, Seyè. Mwen pat janm satisfè. Mwen te eseye. Mwen—mwen te panse: 'Ane pwochè, m ap fè l. Semèn pwochè lan, m ap fè l, pwochen fwa mwen tande yon apèl a lotèl. M ap fè sa, yon jou.' Mwen ranvwaye l, epi ranvwaye li. Men, Seyè, mwen konnen gen yon bagay ki pa bon avè m. Mwen te toujou kwè ke te gen yon bagay ki diferan. E kounye a, Seyè, aswè a, mwen rekonesan pou yon preparasyon ki te fèt pa Pitit Bondye a, ke peche m yo, an reyalyte enkredilite mwen, tap lave sot nan mwen. M ap vini, aswè a, epi mete ajenou pou asepte gran benediksyon aksyon de gras lan ke Jezikri te fè pou mwen lè Li te mouri pou mwen nan Kalvè."

350 Èske n ap vini? Kounye a gen moun kap met ajenou arebò lotèl la isi a. Poukisa nou pa leve pou vini? Nou te vle fè l. Nou te eseye l.

351 Jis panse a Frè Lyle Palmer, bon, presye frè nou. Li te chita nan lakou an, konsa mwen konprann, ap gade ti pitit fi li kap jwe kwokèt deyò la a, oswa on bagay, epi li te sot tonbe nan chèz la epi te mouri anvan li te ka menm fè yon mouvman. Nou pa konnen ki lè nou pral kite isi a. Nou jis pa konnen ki lè ke nou prale. Li ka aswè a poutan, kifè pouki nou pa vin regle sa kounye a?

352 Vini, moun yo. Èske nou pa ka santi Yon Bagay kap rale nou? Mwen—mwen konnen gen anpil nan nou isi a ki ta dwe isi a menm nan lotèl la, e jis sis a sèt moun sa a isi a se pa sa ki chita anndan isi a. Kounye a, si nou kwè m epi gad isi a nan lestrad la, bagay kap rive, kwè m kounye a. Yon jou vwa m ap vin fè silans. Ou pap tande l ankò. Ou ta ka swete ou ta vini.

353 Ou di: “Frè Branham, mwen te yon manm legliz.” Sa pa fè okenn diferans kisa w te ye. Se konsa—se konsa Nikodèm te yon manm legliz. Se konsa Jan, Pyè, Jak, Pòl, tout rès yo te manm legliz.

354 Pòl te yon manm legliz jiskaske yon bagay te rive yon nwit, oswa yon jou sa te ye, epi l vini. Li te yon manm legliz ki chanje lè sa a, pou yon pitit Bondye. Èske nou pap vini? O, li te fòme. Li te entelektyèl. Li te konnen li te fòme, youn nan lekòl ki pi byen fòme ki te genyen, Gamalyèl, youn nan pi bon anseyan ki te genyen nan peyi a. Men li te konnen li te bezwen yon bagay.

355 Èske nou pap vini? Yon fwa ankò mwen mande nou. Anndan kote...Isi a oswa atravè nasyon an, mwen mande nou, kèlkeswa kote nou ye a, nan ki asanble nou ye, nan lè aksyon de gras sa a. Sonje, y ap anrejistre m sou kasèt isi a; pa sèlman isi a, men nan Syèl.

356 Nou konnen, sa pwouve syantifikman ke chak mouvman nou fè anrejistre. Yo pwouve sa. Sonje, televizyon te pwouve sa. Televizyon an pa—pa fabrike imaj la. Nou se imaj la. Li jis transmèt sa, kisa n ap fè, nan yon chanèl. Nou la a, kanmenm. Ou wè? Lè nou bouje dwèt nou, mouvman sa a fè tou mond lan. Chak fwa ke nou mete yon rad, aparans nou yo fè tou mond lan. Li sou yon anrejistreman. Chakpanse ki travèse lespri nou sou yon anrejistreman. E yon jou anrejistreman an pral sispann jwe, yo pral mete l nan yon albòm.

357 Epi nan Jijman an li pral vin tounen. Men ou kanpe la a ak cheve koupe, ap pretann ou se yon Kretyèn. Men ou kanpe la a akpanse nan lespri ou kont Pawòl la, e li nan lespri w menm. Ou pa ka kache l. Sonje, televizyon, lasyans menm montre ke se vre. W ap kanpe kounye a menm, etan w konnen ke ou dwe isi a, sonje, lè sa a anrejistre, nan Jou Jijman an, menmpanse sa a ke w ap genyen an ap retounen dwat nan lespri w ankò. Sa pral dwat sou

anrejistreman. Tout mond lan ap wè l jwe. Poukisa mond lan pa...Ap gade w, nan Jou Jijman an, tout Zanj yo la a.

358 “Si ou wont Mwen isi a, lè foto w lan ap fèt kounye a, nan Jou Jijman an M ap wont ou. Paske, Mwen te wen Pawòl Mwen, te voye L ba ou. Ou pa tap vle kwè Li. Ou te kache tèt ou dèyè yon bagay.”

359 “O,” nou di: “Mwen bon ase. Mwen te fè sesi. Mwen te danse nan Lespri. Mwen te pale nan lang.” Se konsa payen yo fè. “Mwen te rele.” Se konsa payen yo fè. Kijan nou ka vire do nou bay Pawòl la alò?

Poukipa?

Pouki nou pa vin jwenn Li kounye a?

Poukipa? Poukipa?

Pouki nou pa vin jwenn Li kounye a?

Poukisa w ap tann, chè frè?

O, poukisa n ap trennen lontan konsa?

Jezi ap tann pou L sove nou

Yon plas nan Kay sanktifye Li a.

Mete w youn nan manm Kò Li!

Poukisa...?

O, ti èg, vini kounye a.

O, poukisa n pa vini?

360 Seyè, mwen rekonesan. Mwen trè rekonesan. Ap ba Ou aksyon de gras, Seyè; pa pou manje natirèl, poutan sa. Men, Seyè, tan lafen an isi a. Mwen rekonesan pou Manje espiyityèl sa a, Seyè, Manje espiyityèl Sèt So yo ki te pwomèt pou yo louvri.

Ou di: “Se pral yon bagay diferan.” Non, non.

361 Nou pa ka ajoute yon sèl pawòl. Epi pran...Li deja anndan La a, jis kache. Li sele. Konbyen moun ki konprann sa? Di: “Amèn.” [Kongregasyon di: “Amèn.”—Editè a.] Ou wè?

Ou di: “Ebyen, se yon mistè k ap parèt.” O, non.

362 Li deja Ekri. Nou pa ka ajoute yon sèl pawòl nan Li, oswa retire yon sèl nan Li. Ou wè? Li deja anndan La a. Li jis dwe revele nan dènye jou an.

363 Èske nou pap vini? Vini kounye a, zanmi. Si nou pa ka konprann, vini. Met ajenou, pale avè L sou Sa. Si mwen pa ka fè L klè pou nou, L ap fè l, paske Li se yon—yon Moun kap fè tout dout Disparèt.

...nan twòn sanktifye Li.

O, poukisa...? (Èske nou pap vini?) Poukipa?

Pouki nou pa vin jwenn Li kounye a?

364 Sonje, gen yon anrejistreman kap fèt de sa, pa sèlman sou kasèt sa a, men gran anrejistreman Bondye. Chak grenn nan nou, chak mouvman, lè nou koube tèt nou, koube kè nou, ki panse ki travèse lespri nou, sonje, l ap anrejistre kounye a menm nan Laglwa, e anrejistreman an pral jwe nan Jou Jijman an. Ki kote desizyon nou ye? O, kijan n ap vle pou l chanje, nan Jou sa a.

365 Mwen pral jis tann, paske gen anpil, anpil, toutotou lotèl la kounye a. Ou wè? Petèt youn nan yo, si mwen te kenbe jis on tikal pi lontan, te ka gen yon lòt moun deyò la a, te ka yon kote nan New York, li te ka yon kote nan Philadelphia, deyò nan Kalifòni, Arizona. Yon

kote, te ka gen yon lòt moun kap vini. Pastè, kèlkeswa kote w ye a, pa abandone apèl a lotèl la kounye a.

366 Nou ka pa janm wè yon lòt Aksyon de Gras. Sa te ka dènye a, epi anrejistreman ap plase, aswè a, pou dènye fwa a. Kasèt la ap fini, youn nan jou sa yo. Anrejistreman an ap koupe epi ap nan albòm Bondye. Apresa li pral tounen jwe, kisa panse w yo ye kounye a. Pa di ou pat konnen on fason diferan. Ou konnen. “Men pyès nonm pa ka vin jwenn Mwen, sòf si Papa M atire li. E tout sa Papa a ban Mwen, y ap vini.”

...vin jwenn Li...?

367 Frè, mwen kwè, si mwen te chita deyò la a yon kote, e mwen te gen pi piti panse a, se sèten mwen tap monte isi a pi rèd m t ap kapab. Hmm.

O, poukipa? Poukisa..?

368 Èske nou fini? Nou sèten nou pap fè Lespri Li chagren kounye a? Ann kenbe tèt nou koube alò. Nou sèten nou pat fè Lespri Li chagren? Nou sèten nou te fè jis egzakteman sa Li te di nou fè? Nou pozitif kounye a? Sonje, nou—nou te ka pa janm gen yon lòt chans. Anrejistreman an ka fini, aswè a. Sa ka tout li. Sa ka dènye kasèt la pou nou. Èske nou sèten nou pare kounye a? Si se sa, mwen kite l nan men nou, nan Non Seyè Jezikri.

369 Kounye a pandan koral la ap chante dousman, mwen pral priye pou sila yo ki anba isi a. Mwen jis on jan de yon sòt de yon Kretyen trè dwòl. Mwen kwè ke Bondye dwe fè sove a. Mwen kwè Bondye dwe plante Pawòl la. “Mwen Seyè a,” Bib la di, Ezayi: “Mwen Seyè a te plante L. M ap wouze L, lajounen kou lannwit, pou yon moun pa rache L nan men M.” Anvan mwen mande yon moun vin arebò lotèl la ak moun sa yo, mwen vle priye pou yo, mwenmenm.

Ann koube tèt nou kounye a.

370 Chè Jezi, mwen te jis site Pawòl Ou, ke pwofèt Ou te di, e mwen konnen pawòl pwofèt yo vre. E Ou te di: “Mwen Seyè a te plante Li.” Enben, sètènman, Ou mete L sou Liv Lavi Ayo an, anvan fondasyon mond lan. “Mwen Seyè a te plante Li, e M ap wouze Li, lajounen kou

lannwit, amwenske yon moun ta dwe rache L nan men M.” Sila yo, petèt, Seyè, te tandè anpil apèl a lotèl. Men Ou toujou ap wouze Li, Seyè.

371 Men yo, aswè a. Se pou yo jis lage, aswè a, Papa, sot nan tout bagay mond lan, tout peche ak pwoblèm ki nan kè yo, epi jis ak bon sans yo, ak respè, nan kè yo, lage bay Pawòl Ou, touswit, epi di: “Seyè Jezi, nan fon kè m, mwen te toujou kwè ke te gen yon bagay pou mwen, ke m potko janm resevwa. Menmsi m te eseye, jan ekspresyon an te fèt aswè a, swiv manman poul la, men te gen yon bagay ki te parèt etranj pou mwen. Li pat sonnen jis kòrèk. Alò, aswè a, mwen santi ke m ap vini kounye a pi pre nan bra Pawòl vivan an. M ap vin isi a jis ak otan respè, nan bon lespri mwen. Mwen te enstale isi a bò lotèl sa a. Mwen vle lesali, Seyè, tèlman anpil. Mwen tèlman grangou! Mwen vle Ou, Seyè, pou kenbe mwen nan bra W, aswè a. Pa atravè okenn emosyon, men atravè Lespri lanmou a, pran mwen nan bra W, chè Bondye.”

372 “Mwen se pitit Ou. Mwen santi ke mwen se èg sa a yo tap pale a. Atrap mwen, Seyè. M ap sote. Mwen te leve sot nan chèz mwen, e m te met ajenou isi a. Atrap mwen, Seyè. M ap sote. Pote m sou zèl Ou yo, Seyè, lwen bagay mond sa yo. Kite m vole sot lwen degoutans mond sa a, sot nan move abitud mwen, sot nan tout tradisyon denominasyonèl mwen. Kite m sèlman vin jwenn Ou, chè Bondye, konsa Sentespri W la te ka vide nan mwen padon tout dout mwen yo. Se pou mwen, aswè, vin pitit Ou, fre, ne, e yon nouvo kreyati, aswè a. Atrap mwen. Pote m lwen, pi lwen rèl poul la. Pote m lwen, jouk nan nich Èg la, kote la a ke mwen te ka nouri pa Pawòl Bondye a, jiskaske mwen kapab vole.”

373 Akòde l, chè Bondye. Pran yo. Yo pou Ou. Sa se priyè mwen ak sensèrite, ap priye sou moun kap mouri. Akòde l, Papa. Mwen ofri priyè sa a nan non yo. Pou glwa Bondye, mwen mande l.

Kounye a ak tèt nou koube.

374 Mwen mande m, toutotou lotèl la kounye a, se nou ki ajenou isi a. Anpil nan nou te pretann nou se Kretyen, men nou te santi ke toujou gen yon bagay, yon kote, ke nou pat posede. Nou te ka te fè tout ak relijye. Nou te ka rele. Nou te ka fè tout bagay. Te ka danse nan Lespri. Nou te ka pale nan lang. E pèsòn pa ka di anyen mal kont sa. Se vre. Tout sa a

bon. Men, nou wè, sa se *don* Lespri a, san Lespri a. Si Lespri a te la a, santiman sa a pa tap santi l kondane kon sa.

375 Èske nou vrèman, ak senserite, isi a nan lotèl la, kwè sa kounye a menm, pandan nou isi a, ke jis aksyon pou n lage tèt nou, pa yon emosyon kounye a, men nan lafwa otantik, san melanj, ke Bondye ap resevwa nou epi nourri nou ak Pawòl Li jiskaské nou se èg, noumenm, e n ka vole? Si nou kwè, e nou vle pou Bondye fè sa, leve men nou, noumenm ki arebò lotèl la anba isi a. Bondye beni nou. Chak moun gen men yo anlè.

376 Kounye a, vrèman an silans, mwen pral mande dèzòm ak fanm konsakre ki vrèman konnen Bondye.

377 Pi fò nan yo, sa vrèman etranj, li sanble ke se fason sa a, apèl a lotèl ke mwen fè yo pifò nan tout se mesye yo. Nou konnen, nan tan nòmal, se fanm. Men tout se gason isi a. Mwen panse gen yon sèl fanm nan lotèl la, aswè a, petèt de. Dabitid se fanm yo. Men, yon fason ou yon lòt, mwen sipoze sanble fanm yo panse mwen pale kont yo. Mwen pa fè sa, sè. Twa, mwen kwè, yon moun te di yo wè. Mwen pa ka wè sou tèt lotèl la isi a. Trè byen.

378 Kèk nan nou Kretyen konsakre vin isi a epi kanpe avè m nan priyè jis yon minit. Sou lotèl la, kèlkeswa kote nou ye a, sou lestrad la, yon moun ki vrèman konn Bondye, jis konnen kijan pou kanpe isi a jis kèk minit pou priyè avè yo, apres a n ap lage oditwa a. Tout moun se pou n vrèman gen respè kounye a. Pa pati. Jis vin isi a epi kanpe arebò a.

379 Kèk nan nou moun yo ki vrèman kwè Sa se Laverite, ke n ap antre nan yon lòt aj, n ap antre nan Laj Anlve a, nou konnen legliz la pa ka ale nan kondisyon li, e li pa ka vin okenn pi bon. Li dwe vin pi mal. Konbyen moun ki konn sa? Di: “Amèn.” [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Li dwe vin pi mal. E li pa ka ale kon sa. Ou wè? Li dwe pou l Yon Bagay, e l ap bouje kounye a menm, zanmi. Li—li—li sou, mouvman an pati pou Lepouz la. Se Laverite. Se ENSI DI LE SEYÈ.

380 Avanse kounye a, Kretyen konsakre ki vle anrejistreman nou—nou dekouvri sa, sila yo ki vini ak sensèrite, ke nou vle vini epi ofri priyè avè yo, kòm frè ak sè nou, vin arebò lotèl la. Kanpe arebò isi a jis on moman, pou priyè. Yon lòt moun vle vini? Kanpe arebò isi a. Jis

met ajenou bò kote yo. Jis mache, kote noumenm mesye toutotou mesye sa yo; noumenm fanm. Dousman, ak imilite mande priyè pou yo.

Chè Bondye, ede...?...

381 “Mwen abandone tout. Mwen abandone denominasyon m. Mwen abandone premye nòs mwen. Mwen abandone premye mari m. Mwen abandone tout bagay, Seyè.”

...ne tout.

Tout ba Ou, Sovè beni mwen,

Mwen abandone tout.

Mwen abandone tout,

Mwen abando-...

382 Ou abandone pwòp lide ou? Èske ou ka abandone pwòp lide w yo, pou Pawòl Bondye a?

Tout ba Ou, Sovè beni mwen,

Mwen abandone tout.

Mwen abandone tout,

Mwen abandone tout.

Tout ba Ou, Sovè beni mwen,

Mwen abandone...

383 Tout sa ki kwè kounye a, nan oditwa a, kanpe. Ann chante li, ansanm, kounye a.

Mwen abando-...

Nou tout abandone, pare pou chante l kounye a?

Mwen...

...ba Ou, Sovè beni mwen,

Mwen abando-...

384 Kounye a, noumenm arebò lotèl la, si nou vrèman abandone, leve men nou anlè ba Li, chante: “Mwen abandone tout. Mwen abandone denominasyon. Mwen abandone denominasyon. Mwen abandone legliz. Mwen abandone tèt mwen. Mwen abandone lide mwen. Tout ba Ou, Sovè beni mwen, mwen abandone tout.”

...ba Ou, mwen...

Mwen abandone tout,

Mwen abandone tout.

Tout ba Ou, Sovè beni mwen,

Mwen abandone tout.

Èske nou vrèman panse sa?

Mwen abandone tout,

[Pati blanch sou kasèt—Editè a.]

385 Nou isi a kounye a nan lotèl la. Nou isi a ki arebò lotèl la, ke yo priye pou yo. Legliz la te priye pou nou. Nou te priye, noumenm. Kounye a gen sèlman yon fason nou ka sove, se: “Pa lafwa nou sove, e sa a pa gras.” Gras Bondye te pale avè nou, te mennen nou nan lotèl la. N ap chache benediksyon Bondye yo. N ap chache Pawòl Li. N ap chache Sentespri a. N ap chache favè Bondye yo. E si nou fè sa, e nou ka, vrèman, ak tout kè nou, abandone li, kounye a, pa chache okenn emosyon, chache yon Verite, yon Verite ki sot nan kè nou, pa lafwa. “Seyè, m ap dispoze fè nenpòt bagay ke Pawòl Ou kòmande m fè. Mwen abandone tèt mwen, ak tout sa ki nan mwen.”

386 Si nou kwè sa ak tout kè nou, mwen vle nou leve sou pye nou, vire tounen bay legliz sa a, oditwa an, epi leve men nou anlè, e n ap chante l ansanm avè yo: “Mwen abandone tout bagay ki nan mwen, Bondye. Nan pi bon konesans mwen, tout bagay ke m ye, mwen abandone.”

387 Monte sou lestrad sa a isi a, noumenm ki nan lotèl la. Monte dwat isi a sou lestrad la, frè, anwo isi a menm, nou tout, ak frè ak sè.

Gad isi a, legliz.

388 [Yon sè di: “Frè Branham, mwen fè pati de legliz, men dènyèman mwen pa—pa menm nan li ankò.”—Editè a.] Adandone? [“Seyè a konn ki kote mwen vle pou Li kondwi mwen. Mwen vle...?...nan legliz. E mwen vle Sentespri a, pou m ranpli ak Lespri. E m ta mouri byento, si se sa l pran.”] Wi. Se vre. Èske ou abandone tout ti bagay nèt ba Li ak Pawòl Li?

389 Yon sè isi a, sot nan yon denominasyon. Li te di: “Mwen fè pati de yon denominasyon.” Nou pa bezwen rele l. Li travay anndan la a. Men li te di: “Frè Branham, mwen vle soti pou al nan Verite a. Mwen vle yon bagay ki pi fon pase sa.” Ou wè?

390 Kite m site Pawòl Li. “Se pou yo beni sila yo ki grangou epi swaf pou jistis, paske yo va ranpli.”

391 Bon, nou isi a sou lestrad la, ki fèk vini, si nou pare pou abandone tout bagay ke nou ye, tout bagay, pou obeyi Pawòl Bondye a...Pèsòn pat di nou, semèn sa a, kisa pou nou fè. Bon, si nou pare pou abandone kounye a menm ba Li, jis leve men nou anlè, kon sa, pou oditwa an. Kounye a, nou isi a sou lestrad la, ann chante l ansanm kounye a, *Mwen Abandone Tout Bagay*. Tout moun, ansanm. Trè byen.

Mwen abandone tout bagay,

Kounye a, vrèman panse sa!...?...li yon jou, e ala mwen rekonesan. Fè li abandone...?...

...Sovè,

392 Èske nou vrèman panse sa? Di: “Amèn.” [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Di: “Amèn,” yon fwa ankò. [“Amèn.”] Di: “Seyè,” [“Seyè.”] “fouye mwen.” [“fouye mwen.”] “Epwouve mwen.” [“Epwouve mwen.”] “E ban mwen yon okazyon.” [“E ban mwen yon okazyon.”] “Sa se tout sa mwen te ka fè, aswè a,” [“Sa se tout sa mwen te ka fè, aswè a.”] “se ba Ou tèt mwen.” [“se ba Ou tèt mwen.”] “Ou konnen grangou kè mwen.” [“Ou konnen grangou kè mwen.”] “Ou konn dezi mwen.” [“Ou konn dezi mwen.”] “Pwomès Ou se pou ranpli dezi sa a.” [“Pwomès Ou se pou ranpli dezi sa a.”] “Kounye a mwen asepte li.” [“Kounye a mwen asepte li.”] “E mwen abandone ba Ou.” [“E mwen abandone ba Ou.”] Tout ansanm:

Mwen abandone tout bagay,

Mwen abandone tout bagay.

Tout ba Ou, Sovè beni mwen,

Mwen abandone tout bagay.